ЛIэщIыгъуэр зи гъуэгуанэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№134 (24.728) • 2024 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 7, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Лъэпкъым и тхыдалъэ

Нобэ ди гуфIэгъэушхуэщ - Налшык дэт Къэрал кинокомцерт гъэлъэгъуапIэм Iэтауэ щыIэгъэлъэпIэнущ иджырей «Адыгэ псалъэр» къызытехьукIыжа «Къэрэхьэлъкъ» газетым и япэ номерыр илъэси 100 ипэкIэ, 1924 гъэм мазаем и 3-м, дунейм къызэрытехьар.

НЭХЪАПЭМ тхыбзэ укъуэдия зимыIа ди лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ газетым и ныбжьыр лэщIыгъуэ зэрыкIуэр гухэхъуэщ икIи дэрэжэгъуэ къозытщ. Дрогушхуэ абы и лэжьакIуэхэри, сыт щыгъуи къытхуэпэж ди щIэджыкIакIуэхэри. «Къэрэхьэлъкъыр» зи къежьапIэ «Адыгэ псалъэм» хуэкIуэжа махуэ къэс ди Iэпэгъуэлъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къыгуэкIыпIэ зимыIэ и зы Iыхьэ лъагъуэщ хъуащ, япэ лъабакъуэхэр щичА лъэхъэнэм щегъэжьауэ.

ЦIыхубэм я телъхьэ совет властыр къэунэхуа иужькIэ щIэныгъэм куууэ зезыта адыгэхэм, дауи, яIэн хуейт а зэманым мыхьэнэшхуэ дыдэ большевикхэм зрату щыта газетхэри. 1921 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 1-м къыдэкIыу щIэздза «Красная Кабарда»-м кьалэныжъуэ зэфIагъэкIырт гъашIэщIэр цIыхухэм яхипшэн, абы и мыхьэнэр къагурегъэIуэн папщIэ. Арщхьэкlэ ар зэрытрадзэр нэхъыбэм урысыбзэти, къытехуэ тхыгъэхэм зыщагъэгъуэзэн папщIэ зэдзэкIакIуэхэр къалъхуэхуэн хуей хъурт. Пэжщ, абы адыгэ редакцэ иIэт, адыгэбзэкIэ тхахэми ущрихьэлIэрт. Ауэ ахэр бгъэхъэзырыну Iуэху тынштэкъым, ди лъэпкъым и тхыбзэр зэрыщытынур властыщIэм иджыри зэримыубзыхуэм къыхэкIыу. ЩытыкIэр нэхъ хьэлъэж ищIырт ди япэ итахэм ящыщу процентитIым нэблагъэм фIэкIа щIэныгъэ зэрабгъэдэмыльэым, абыхэм я нэхъыбэри дин лэжьакIуэхэу. ЦIыхубэм тхэкIэрэ еджакIэрэ зэрагъэщIэн щIадза къудейт. Арати, адыгэбзэкIэ ягъэхъэзыр тхыгъэ зэкъуогIакъуэр зэратхыр хъэрыпхьэрфхэмкIэт, КъурIэн ёджэфхэм зыщагъэгъуэзэфын хуэдэу.

Абы щыгъуэми цIыхухэр щIэхъуэпсырт гъашIэщIэм теува къэралым къыщыхъуэхэр я анэдэлъхубзэмкIэ зрагъэщIэну, щыщ зы Iыхьэ хъуну. КъэунэхуагъашIэ радиом иджыри зэрызимыужьвар къэплъыгъэмэ, хэкIыпIэу а лъэхъэнэм щыIэр газетым и закъуэт. Ар адыгабзэкIэ нэхъыбэрэ «къэгъэпсэлъэн» хуейт. А кьалэн мыгъэ тыншыр къащехъулIар 1924 гъэм и пэщIэдзэрац, абы теухуа унафэр нэхъ пасэу, илъэсищ ипэкIэ, щыIа пэтми.

Дым Iэдэмрэ ЦIагъуэ Нурийрэ 1913 гъэм зэхалъхьа алыфбейр а лъэхъэнэм къагъэсэбэпатэмэ, адыгэ газетым и къыззэгъэпэщыныр нэхъ псынщIэу икIи тынщу зэфIэкIынут. Абы теплъэ 1917 гъэм и кIэуухым дунейм къытехьакIэт ди щIыпIэм къыщыдэкIа «Адыгэ макъ» япэ лъэпкъ газетыр. Нэхъ пасэжу, 1911 гъэм мэлыхьхуэхым (апрелым) и 2-м, ЦIагъуэр яхэтат Тыркум япэ дыдэу ди бзэкIэ «Гъуазэ» газетыр щызэхэзыубла-хэм - аращ адыгэ газетхэм я къежьапIэу къэлъытэн хуейри. ЦIагъуэмрэ Дыжьмрэ я алыфбейр къыщIамыщтам политикэ щхьэусыгъуэт иIэр - муслъымэныгъэр, адрей динхэми хуэдэу, зыгъэкIуэдыжыну мурад быдэ зыщIа большевикхэм ягу техуэнутэкъым абы и фэр зраплъ хьэрыпхьэрфхэр тхыбзэщIэ зэзыгъэгъуэт лъэпкъым тегъэщIапIэ ищIу.

Алыхуэдэу щыхъум, ди щIыпIэм къэрагъэблэгъаш урыс лингвист цIэрыIуэ Яковлев Николай. 1920 гъэм щыщIэдзауэ абы щIэхщIэхыурэ иригъажьэрт Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я бзэр быдэ экспедицэкIэ. Иужькlэ, 1924 гъэм, къэралым щIэныгъэ щегъэгъуэтынымкIэ наркоматым (иджырей министерствэхэм хуэдэм) къыщыIэзыригъэпэщат кавказыбзэхэм я тхыбзэм елэжь комитет щIэхъуэ икIи и унафэщIу щытащ 1937 гъэ пщIондэ къэгъэугурыкIуа алфавитыщIэр зэхэзыльхьа комиссэм.

Хъуран Батий, Борыкъуей ТIутIэ, ЦIагъуэ Нурий, Щэрылокъуэ Талъостэн, Елбэрд Хьэсэн сымэ, нэгъуэщI ди щIэныгъэлIхэм я зэфIэкIыр латин хьэрфкIэ зи лъабжьэ алыфбей адыгэхэм тхуэхалъхьэнымкIэ Яковлевым къыгъэсэбэпащ. Ар хьэзыр хъуащ 1923 гъэм ирихьэлIэу икIи цIыхубэм зыхагъэгъуэзэн папщIэ «Красная Кабарда» газетым къытрадзащ.

Латин хьэрфхэр зи лъабжьэ тхыбзэ диIэ зэрыхъуар щIэгъэкъуэн лъэщ хъуащ ди щIыпIэм къыщыдэкI газетым нэхъыбэрэ адыгэ тхыгъэхэр къытехуэнымкIэ. Сыти жыIи, хьэрыпхьэрфу типографием иIэхэр апхуэдизу маIэ, къыдэкIыгъуэ къэс тхыгъэ кIэщI зыщыплI фIэкIа нэхъапэм традзэфырт экъыIм.

«Красная Кабарда» газетым и иужьрей номерыр 1924 гъэм мазаем и 1-м къыдэкIащ. Махуитl дэкIри, мазаем и 3-м, дунейм къытехьащ «Къэрэхьэлъкъыр», адыгабзэкIэ къытехуэ тхыгъэхэр щызэхуэдэр. Абы и тиражыр минитI хъурт, арщхьэкIэ мазэм тIэу фIэкIа къыдэкIырт экъыIм - яхурикъуртэкъым тхыгъэхэр зыгъэхьэзырынхэмэ хьэрфхэр къэзыщыпынхэмэ.

«Къэрэхьэлъкъыр» хъыбарегъащIэ, ущиякIуэ, гъэсакIуэ къудейтэкъым. Абыкlэ ди лъэпкъэгъу куэдым зрагъэщIащ тхэкIэрэ еджакIэрэ: цIыхухэр гупу зэхуэсурэ газетым къеджэрт, итхэм тепсэлъыхьыжырт, езыхэми я хъыбар редакцэм Iэрагъахьэрт. ТхылъхэрщIымащIэ лъэхъэнэм ар хэкIыпIэфIт.

«Къэрэхьэлъкъыр» бзиплIкIэ къыдэкI хъуащ 1925 гъэм и багдзэгъэуэ (июль) мазэм ирихьэлIэу. Адыгабзэмрэ урысыбзэмрэ зэхэт я тхыбзэм елэжь комитет щIэхъуэ икIи и унафэщIу щытащ Налшык куэду щыпсэу бгырыс журтэжм я бзэмрэ. Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и лъабжьэ быдэу уващ газетыр.

Илъэсиблкlэ а щIыкIэм тету къыдэкIащ «Къэрэхьэлъкъыр». 1931 гъэм и мазаем (латин хьэрфхэр кириллицэкIэ яхъуэжа иужькIэ) абы къытепщIыкIыжащ адыгэбзэ зэщIэкIэ щхьэхуэу дунейм къытехьэу хуежьа «Ленин гъуэгур». Апхуэдэ дыдэ Iэмал ягъуэтащ балъкъэрхэми - «Ленинчи жол», урысхэмрэ адрей лъэпкъхэмри - «Ленинский путь».

Аращи, «Къэрэхьэлъкъ» газетыр дунейм къыззрытехьэрэ нобэ илъэси 100 ирокIуу. Абы тхыдэ къулей икIи хьэлэмэт зэриIэм шэч хэлъкъым: къэбэрдей адыгэхэми республикэми я гъащIэм я лъагъэнэм къыщыхъуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр и напэкIуэцIхэм нэсу къыщыгъэлъэгъуащ. Ар хъуащ адыгэ лъэпкъым и тхыдалъэ икIи зэрыщыIэ лIэщIыгъуэм гу зылъытапхъэ зы Iэхъугъуэи къэнакъым и напэкIуэцIхэм имыхъуауэ.

Ди газетым зэреджэр зыбжанэрэ ихъуэжащ. «Къэрэхьэлъкъыр» (1924 - 1931 гъэхэм) къежьэри, «Ленин гъуэгу» (1931 - 1934), «Социалистическэ Къабэрдей-Балъкъэр» (1934 - 1944), «Къэбэрдей пэж» (1944 - 1957), аргуэру «Ленин гъуэгу» (1957 - 1991) цIэхэр зэрихьауэ, иджы нэхъ хуэфащэ дыдэу къэтлъытэ «Адыгэ псалъэм» хуэкIуащ, ауэ сыт щыгъуэми зытетар зыщ - адыгэ лъэпкъым и кьекIуэкIыкIэр гъуджэм кьищ хуэдэу къигъэлъэгъэныщ. Нобэми дызыхуущIэкъэр аращ.

Жагъуэ зэрыхъущи, адыгэ газетым и кьекIуэкIыкIар джыжыным, щIэныгъэр и лъабжьэу зэфIэгъэувэжыным иужь ихьа щIагъуэ щыIэкъым. Нобэ зумыгъэзэхуар, къыумыхутар пщэдей гъэтIыжыгъуей мэхъу. Абы и щыхэтщ ди республикэм къыщыдэкI газетхэм я тхыдэм нэхъ куууэ зыщызгъэгъуэзэн мурадкIэ я ящэ къыдэкIыгъуэкIэр куэдрэ къызэрыслъыхъуар. Мэзкуу къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетыр къыщызухым 1986 - 1987 гъэхэм «Къэрэхьэлъкъым» и къежьапIэм тезуауа диплом лэжьыгъэр щыстхым Крупскэм и цIэр зезыхьэ Республикэ библиотекэм (иджы Мэлбахъуэм и цIэр зыфIаща Лъэпкъ библиотекэм) абы и къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэр слайдхэм тетхауэ къыщызгъэгъуэзэ, зыщызгъэзгъуэзауэ щытащ. Иджы а слайдхэм уззреплъын Iэмэпсымэхэри щыIэжькъым икIи 1929 гъэ пщIондэ къыдэкIа «Къэрэхьэлъкъым» дыпыкIыпащ. ЩыIэкъым ахэр «Адыгэ псалъэм» и редакцэми. Иджы дыщолъыхъуэ къэралым и газет тIэтIыпыпIэ нэхъыщхьэхэм. Хэт щIын, ди насып кIыкIынкIи хъунщ?! Абы къыхэкIыу щIэджыкIакIуэхэм иджыри зэ захуэдгъэззэну дыхуейт: ди газетым и тхыдэм теухуауэ хэт сыт щыгъуазэми фыкъыддэгуашэ. Дэ ахэр гулъытэнщэ тщIынукъым.

Илъэсищэ юбилейм ирихьэлIэу, редакцэм музей къыщызздгъэпэщащ. Абы щызэхуэтхъэсащ адыгэ газетым ехьэлIауэ дгъэотыж псори. Гуапэ тщыхьынт фэри, щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ, зыкъытщIэвгъэкъуатэмэ. Адыгэ газетым, абы щыIэжьахэм, и тхыдэм теухуауэ сытри ди дежкIэ щхьэпэщ. Ахэр кьахуэсэбэпынущ къытщIэхъуэ щIэблэми.

Адыгэ газетыр дунейм къызэрытехьэрэ илъэсищэ зэрырикъуам теухуа зэхьэхэ дахэм нобэ сыхьэт 12-м Налшык дэт Къэрал кинокомцерт гъэлъэгъуапIэм щыщIидзэнущ. Ди щIэджыкIакIуэ, фIыуэ дыкъэзыIуагъу дэтхэнэ зыри фыкъыдогъэблагъэ лъэпкъым зэрыщыту ди гуфIэгъуэр къыддэфIэтыну.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщIэ.

«Адыгэ псалъэ»

Псалъэхэр **ДЖЭДГЪЭФ Хъусен** *ейщ, макъамэр* **СОГУЭ Данил** *итхащ*

Псалъэ, псалъэ, си «Адыгэ псалъэ»,
Едгъэшажьэ гущIэм и уэрэд.
Уэ пIурылъщи ди лъэпкъ машIэм и бзэр,
Уэрэд сэрэ зэжетIэн ди куэдщ.

Ежьу:

Псалъэ, псалъэ, си «Адыгэ псалъэ»,
Адыгэгур лIыгъэм хуэгъэпсыж.
«Уадыгащ» жаIэм дрипагэу,
Адыгагъэм и пщIэр къэIэтыж.

Псалъэ, псалъэ, си «Адыгэ псалъэ»,
Ди адэжьхэм я хъыбар Iуэтэж,
Хабзэ дахэу лъэпкъым къигъэщIахэр
Ухуэсакъыу щIэблэм Iэщlэлъхьэж.

Ежьу.

Псалъэ, псалъэ, си «Адыгэ псалъэ»,
Хэхэс хъуахэм я бзэр къегъэщтэж.
Мы дунейм телхъауэ ди лъэпкъ уардэр
Уи уэрэдкIэ зэкъуэгъэувэж.

Ежьу



Хъуэхъу Хъуэхъу Хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыху IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм хэт депутат гупым къабгъэдэкIыу, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ гупми и щIэджыкIакIуэхэми газетыр илъэси 100 зэрырикъуамкIэ сынывохъуэхъу!

Лъэхъэнэ куэдым пхыкIащ «Адыгэ псалъэр», ди къэралымрэ абы щыпсэу цIыхубэмрэ я ехъулIэныгъэхэмрэ зэфIэкIымрэ къагъэлъагъуэу, тхыбзэм хуэIэзэ литераторхэу, публицистхэу, тхакIуэхэу и редакцэм куэд щылэжьащ. Япэ итахэм дэплъейуэ, купщIэшхуэ зиIэ хабзэхэм тету, «Адыгэ псалъэр» нобэми и лъэпкъым анэдэлъхубзэкIэ йопсалъэ, абы и гупсысэкIэр, и дуней тетыкIэр, и псэукIэ хьэлыр и тегъэщIапIэу. Журналистхэм я Iэзагъыр, дунейм щекIуэкIыр псынщIэу утыкум къызэрырахьэф жыджэрагъым и фIыгъэкIэ, газетым и напэкIуэцIхэр махуэ къэси щIэщыгъуэу къонэ.

Шэч къытесхьэркъым дяпэкIи «Адыгэ псалъэм» и журналистхэр къэхъукъащIэхэм я курыкупсэм хэту, цIыхубэм къыфIэIуэху псори сэтей къащIу зэрытхэнум, я хэкуэгъухэм я гурыгъу-гурыщIэхэр IэщIыб зэрамыщIынум. ЕхъулIэныгъэрэ тхэкIэ Iэзагърэ щымыщIэу, ди Хэкум и пщIэр зыIэт псори ягъэбагъуэу, ар ефIэкIуэн папщIэ яхузэфIэкI къамыгъанэу, редакцэм щылажьэхэр иджыри илъэс куэдкIэ я IэнатIэм пэрытыну сохъуэхъу.

ЕГОРОВЭ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и УнафэщI.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ, ветеран, щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм къабгъэдэкIыуи, си щхьэкIи сынывохъуэхъу «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэси 100 зэрырикъуамкIэ!

Ди лъэпкъ газетым купщIафIэу гъуэгуанэ кIыхь къикIуащ. Урысейм къыщыдэкI газетхэм ящыщу нэхъ ныбжьышхуэ зиIэхэм язщ ар, здынэса лъагапIэри абы и щыхьэтщ.

ЛIэщIыгъуэм къриубыдэу, газетым и теплъэми и цIэми зыбжанэрэ зихъуэжащ, и редакцэми лэжьакIуэ куэд щызэблэкIащ, лъэхъэнэ зэмыщхьэр гъэунэхупIэ хуэхъуащ. Лъэпкъ газетым къикIуа гъуэгуанэр къыгуэпх мыхъуну епхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди къэралым, абы щыпсэухэм я тхыдэм. А зэманым къриубыдэу, ди лъэпкъыбзэмкIэ къыдэкI газет закъуэм нэгъэсауэ игъэзэщIащ цIыхухэм я деж хъыбар пэж нэхьэсын къалэн нэхъыщхьэр.

Илъэсищэ хъуауэ «Адыгэ псалъэр» хуолажьэ анэдэлъхубзэм зегъэужьыным, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэр хъумэным, щIэблэр хэкупсэу гъэсэным, лъэпкъхэм яку дэлъ ныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэмрэ егъэфIэкIуэным, жылагъуэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ цIыхухэм еплъыкIэ пэж ябгъэдилъхьэным.

«Адыгэ псалъэм»-м гулъытэ хэха хуещI Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэми, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я гурыгъу-гурыщIэхэм, хэхэс адыгэхэм дызэрепха щэнхабзэ, егъэджэныгъэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, хэкум къэзэзыгъэзэжахэр ди республикэм и цIыхубэ гъащIэмрэ щэнхабзэмрэ хэпщIэным.

«Адыгэ псалъэ» газетымрэ адыгэбзэкIэ къыдэкI «Адыгэ макъ» (Адыгэ Республикэ), «Черкес хэку» (Къэрэшей-Шэрджэс республикэ) газетхэмрэ, куэд щIауэ зэдолажьэ, зэныбжьэгъухэщ, тхыгъэхэмкIэ зэхъуажэурэ, къыдэкIыгъуэ зэхэтхэр ягъэхьэзыр. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр щхьэпэ мэхъу Ищхъэрэ Кавказми Урысей къэралми щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуакум дэлъ лъэмыжыр нэхъ быдэ хъунымкIэ.

Газетым и зыужьыныгъэм, абы зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм цIыхуищэхэм я гуащIэ хэлъщ. Нобэрей редакцэм щылажьэхэм гунэсу я къалэнхэр ягъэзащIэ, газетыр зыхуей хуэзауэ и чэзум дунейм къытехьэн папщIэ, я къару еблэжыркъым.

Шэч къытесхьэркъым «Адыгэ псалъэ»-р дяпэкIи пщIэ зыхуащI, Iулыдж зиIэ хъыбар зэIэпыхыпIэу къызэрынэнум.

Апхуэдэу лъэпкъым хуэщхьэпэу, щIэджыкIакIуэхэм зэIэпахыу, газетыр лIэщIыгъуэ куэдкIэ щреIэ, ар зыгъэхьэзыр псоми узыншагъэ, гуфIэгъуэ, творческэ ехъулIэныгъэщIэхэр Тхьэм къарит.

ГуфIэгъуэ кIыхь ирехъу «Адыгэ псалъэ» газетым и илъэси 100-р !

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.



Мы гъэм къыдэкIын зэрыщIидзэрэ илъэси 100 ирикъу «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс 24-кIэ сылэжьащ. Махуэ къэси зи ужь ситар лъэпкъ газетыр егъэфIэкIуэнырщ, анэдэлъхубзэр хъума, зиужьа хъуным хуищI хэлъхьэныгъэр гъэбэгъуэнырщ, адыгэбзэкIэ республикэм къыщыдэкI газет закъуэм зи бзэм хуэшэрыуэ журналистхэр къешэлIэнырщ.

Нобэ газетыр къыдэзыгъэкIыр гуп хъарзынэщ, дэтхэнэми и гуащIэм хуэфэщэн гулъытэ хуэсщIу сыдэлэжьащ, псори фIыуэ солъагъу, езыхэми сыкъалъагъужу си гугъэщ.

Лъэпкъ газетым и мыхьэнэр инщ. Абы къалэну игъэзащIэр, цIыхубэм къазэрыхуэщхьэпэр хэмытми, и цIэ къудейм щхьэкIэ иджыри куэдрэ къыдэкIын хуейщ. Зы адыгэ цIыху дунейм тетыху адыгэ псалъэри щыIэнур Iэмал зимыIэщ.

Гъуэгуанэ кIыхь къызэпичащ «Адыгэ псалъэм», зэман гугъухэм къапхыкIащ, нобэ зыхэт лъэхъэнэми ар нэхъ гуащIэмащIэ, гулъытэншэ хъу хъунукъым. Интернетымрэ гаджетхэмрэ абы ипIэ ибгъэувэныр акъылыншагъэщ. Газетым хъыбарегъащIэ и лъэныкъуэкIэ и мызакъуэу, лъэпкъым дежкIэ иIэ лъапIэныгъэр къэлъытэгъуейщ. Абы и мыхьэнэм, купщIэм, сэбэпынагъым зэи еплъыт хъунукъым иджырей технологиехэр.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и вице-президент.

Лъытэныгъэ зыфэтшIэу тиIофшIэгъу лъапIэхэр!

Тыгу къыддеIэу тышъуфэгушIо лъэпкъ гъэзетэу «Адыгэ псалъэр» къызыдэкIырэр илъэси 100 зэрэхъугъэмкIэ!

КъэбэртэябзэкIэ къыдэкIырэ гъэзетыр лIэшIэгъу хъугъэу Къэбэртэе-Бэлъкъар Республикэм щыхъурэм игъунджэу зэрэщытым имызакъоу, лъэпкъым ыбзэ, икультурэ, ихабзэхэр къеухъумэх, ахэр ныбжьыкIэхэм алъегъэIэсых, цIыф пэрытхэм, зэлъашIэ хъугъэхэм яIофшIэн щаублагъ, мыщ щыпсыхьагъэ хъугъэх. Ыныбжь хэкIотагъэми, гъэзетыр непэрэ шапхъэхэм адештэ, электрон шъуашэм жъугъэу къыщыгъэлъэгъуагъ, игъунапкъэхэм заушъомбгъугъэу, тыдэ щыIэ адыгэми икъэбархэр алъэIэсых, иIофышIэхэм IэпэIэсэныгъэу ахэлъымкIэ, яадыгэ шэнкIэ къахэщы.

Адыгеим илъэпкъ гъэзетэу «Адыгэ макъэр» загъэпсыгъэр икIыгъэ илъэсым хэдгъэунэфыкIыгъ. Ащ щыщэу илъэс 35-рэ IофшIэгъу зэдэлэжьэныгъэм зэкъош республикитIум яижъырэ гъэзетхэмкIэ тызэрепхы. ТилIышъхьэхэм ящысэ тыкъыпкъырыкIызэ Iоф зэдэтэшIэ. «Адыгэ псалъэмрэ» «Адыгэ макъэмрэ» зэкъош зэхэтыкIэ зэдыряIэу илъэс пчъагъэм къырэкIох, пшъэрылъэу зыфагъэуцужьхэрэри, зытелэжьыхьэхэрэри зы – лъэпкъ Iофыгъу. Мыгъэ тыублэгъэ IофыгъуакIэми ащ хахьо зэрэфишIыщтым тицыхьэ телъ.

ЦIыф гъашIэкIэ укъеплъымэ, илъэси 100-р бэ, ау егъашIэм егъэпшагъэмэ, ар егъэжьэпIэ къодый. Непэ тышъуфэлъаIо лъэпкъ гъэзетыр гъэшIэ кIыхьэ хъунэу, егъашIэм хэмыкIуакIэу, зиубгъунэу, иIофышIэхэм ахэхъонэу, къэбарышIухэмкIэ ушъагъэу къыдэкIынэу. «Адыгэ псалъэм» щылажьэхэрэм тафэлъаIо псауныгъэ пытэ яIэу, яIофшIэн фэчэфхэу, кIуачIэ къаритэу, яунагъохэм нэхъоир арылъэу, зэгурыIоныгъэр алъапсэу псэунхэу, джыри илъэсыбэрэ лъэпкъ гъэзетым, яреспубликэ гупсэ фэлэжьэнхэу! Тхьэм щыIэкIэшIу пстэуми къарет!

Адыгэ Республикэм илъэпкъ гъэзетэу *«Адыгэ макъэм» иредактор шъхьаIэу* **МЭЩЛIЭКЪО Саид**, *гъэзетым иIофышIэхэр.*

ПщIэ зыхуэтщI ди лэжьэгъухэ!

Илъэсищэ блэкIам газетым и цIэми, и теплъэми, езы редакцэми захъуэжащ. Зызымыхъуэжу къэнар щIэджыкIакIуэхэм республикэм щекIуэкIым теухуауэ хъыбар пэж яIэрыхьэн къалэнырщ. Ар фэ сыт щыгъуи нэгъэсауэ фхузэфIэкIыу щытащ, журналистикэр зэи зытемыкIыну хабзэхэр вгъэнэхъапэу: пэжыр, гъэщIэгъуэныр, захуагъэр.

«Адыгэ псалъэр» игъащIэ лъандэми фIыуэ щалъагъур абы щылажьэхэм псалъэм и мыхьэнэр къазэрыгурыIуэрщ, абы къытехуэ тхыгъэхэр газетеджэхэм зэрызыхащIэ щIыкIэм зэрыщыгъуазэрщ, илъэс куэдкIэ зэфIэува газетым и Iулыджыр зэрахъумэфарщ.

Фэ фхэлъ жэуаплыныгъэмрэ тхэкIэ Iэзагъымрэ иджыри илъэс куэдкIэ щIэджыкIакIуэхэр ягъэгуфIэу, лэжьакIуэ гупым узыншагъэ быдэ, насып, ехъулIэныгъэ фиIэу, дяпэкIи фылэжьэну сынывохъуэхъу.

СОЛОВЬЕВ Владимир,
УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ

Ар Iущщ, гуапэщ, гумащIэщ, псэ къабзэщ. Ар щIалэщ, сыту жыпIэмэ, и электрон жыпхъэр зэманым докIу. Ауэ ар икIи балигъщ, и лъэпкъым и бзэр, и щэнхабзэр, и псэр зэрихъумэм къыхэкIыу. Ар мэгуфIэ икIи мэнэщхъей. Урегъаджэ икIи уеущий. Абы псэ Iутщ, псэ зыхэт езы адыгэ псалъэм хуэдэу! Газетым тхыдэ бей иIэщ, «Къарэхьэлъкъымрэ», «Ленин гъуэгумрэ» я деж щегъэжьауэ, «Адыгэ псалъэм» нэс. КъыщыдэкI республикэм и гъащIэр лъэныкъуэ псомкIи къегъэлъагъуэ абы: мэш хесэ, хадэ егъэкI, сабийхэр ирегъаджэ, усакIуэхэри тхакIуэхэри, артистхэри пшынауэхэри, композиторхэри сурэтыщIхэри, спортсменхэри жылагъуэ лэжьакIуэхэри егъэлъапIэ. Мы газетым сыт хуэдэ зэмани щылэжьащ гушхуэ зыкIуэцIылъ, IэщIагъэм хуэIэижь цIыхухэр. Сынывохъуэхъу иджыри илъэс куэдкIэ фи щIэджыкIакIуэхэм республикэм щекIуэкI гъащIэмрэ абы и цIыхухэмрэ ятеухуа уэршэр гухэхъуэ ядевгъэкIуэкIыну. Ди щIыналъэ берычэтым щыпсэухэм къадекIуэкI хабзэ дахэхэр фхъумэну! Уи махуэшхуэмкIэ сынохъуэхъу, ди газет лъапIэ!

КЪЭЗАНШ Людмилэ,
ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ гупым къабгъэдэкIыу.

Ди лэжьэгъухэм дохъуэхъу!

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакIуэ гупыр «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм йохъуэхъу илъэси 100 зэрырикъуамкIэ!

Нобэ, илъэсищэ ипэкIи хуэдэу, дэ дызэбгъурытщ, дызэгъусэщ, зы унащхьэ лъабжьэм дыщIэсу, мыхьэнэ зиIэ IэнатIэ гъэщIэгъуэным дыпэрытщ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр дунейм къызэрытехьар «Къарэхьэлъкъ» адыгэ лъэпкъ газетущ, иужькIэ ар жыпхъэ нэгъэсам ит хъыбарегъащIэ хъуащ. Япэ махуэм щегъэжьауэ, абы и пащхьэ къиуващ япэ щIыкIэ автономнэ областым, иужькIэ - республикэм я унафэр зезыгъэакIуэ къулыкъущIапIэхэм я Iуэху зехьэкIэр къагъэлъэгъуэну, цIыхубэм щIэныгъэ хапщэн, еджэкIэ-тхэкIэ ирагъэщIэн, тхыбзэр зэфIэгъэувэн, лъэпкъ интеллигенцэр зэгъэпэщын къалэныр игъэзащIэу.

Зэманым елъытауэ, сыт хуэдэцIэ зэрихьауэ щытми, «Адыгэ псалъэр» адыгэ лъэпкъым и макъыр щигъэIу лъагапIэу, лъэпкъ-къэралыгъуэ ухуэныгъэр ирикъэфIакIуэу, къэбэрдей цIыхубэр сыт хуэдэ лъэхъэнэми зыпхыкI политикэ, экономикэ щытыкIэхэм я гъуджэу щытащ.

Редакцэм хэт лэжьакIуэ гупым Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я унагъуэшхуэм адыгэхэр къахэзыгъэщ теплъэмрэ купщIэмрэ яхъумэным я гуащIэр халъхьащ.

Ноби газетым зэфIегъэкI а къалэн мытыншыр. Хабзэ хъуауэ, Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэс республикэмрэ я газетхэм я гъусэу ягъэхьэзыр номер зэгуэтхэр, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм хуащI гулъытэ къызэрымыкIуэр, дунейр зы щытыкIэм щиува глобализацэм и лъэхъэнэм адыгэхэм я хабзэмрэ бзэмрэ зэрихъумэр а псом и щыхьэтщ. Зэманым къигъэув къалэныщIэхэми къыкIэрымыхуу догъуэгурыкIуэ «Адыгэ псалъэр».

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакIуэ гупыр «Адыгэ псалъэм» и редакцэм хэтхэм йохъуэхъу ехъулIэныгъэрэ IэщIагъэм къыдэкIуэ дэрэжэгъуэмрэ щымыщIэу, узыншагъэрэ ехъулIэныгъэрэ я куэду дяпэкIи лэжьэну.

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакIуэ гупыр.



«Адыгэ псалъэ» газетыр щыIэхукIэ, адыгэри щыIэнущ. Ар унагъуэ къэс ихьэу, а унагъуэм къыщыхъу щIэблэм анэдэлъхубзэр яIурылъу къэдмыгъэтэджыфмэ, псори тфIэкIуэдыну аращ, сэ сызэреплъымкIэ.

Илъэсищэр зыгъэлъапIэ «Адыгэ псалъэм» и мурадхэр къехъулIэу, иджыри къэс зэрыщытам хуэдэу, лъэпкъым и ныбжьэгъу, чэнджэщэгъу пэжу къанэу, иджыри илъэсищэ зыбжанэкIэ псэуну Тхьэм жиIэ.

ПАЩТЫ Герман,
УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI.

ПщIэ зыхуэтщI «Адыгэ псалъэ» газетым и ветеранхэмрэ и лэжьакIуэхэмрэ!

Фи газетыр илъэсищэ зэрырикъуамкIэ гурэ псэкIэ дынывохъуэхъу. Апхуэдэ зэман кIыхьым адыгэбзэм и къэбэрдей къудамэмкIэ къыдэкI газетым лъэпкъ журналистикэм и зыужьыныгъэм, гъэсэныгъэм, адыгэ лъэпкъыр адрейхэм къахэзыгъэщ лъапIэныгъэхэр хъумэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я бзэмрэ я тхыдэмрэ къызэтенэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

Илъэсищэ блэкIами, ноби «Адыгэ псалъэр» щытащ икIи дяпэкIи щытынущ зэпха лъэпкъым и тхыдэтхыу, бзэ куэдым ирипсалъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ гъащIэм и гъуджэу.

Сыт хуэдэ зэмани «Адыгэ псалъэм» и напэкIуэцIхэм республикэм и гъащIэр IупщIу къощ. Ирепсэу куэдрэ «Адыгэ псалъэр», и лъэпкъым хъыбарыфIхэр яхуихь зэпыту!

Редакцэм щыщ дэтхэнэ зыри узыншагъэ быдэрэ тхэнигурэ, ехъулIэныгъэфIхэмрэ арэзы зытехъуэн улахуэрэ щымыщIэу Тхьэм куэдрэ игъэлажьэ!

ПщIэ къыфхуэзыщI «Абазашта» газетым и лэжьакIуэхэр

ПщIэ зыхуэтщI ди лэжьэгъухэ, ныбжьэгъухэ, акъылэгъухэ!

Гурэ псэкIэ дынывохъуэхъу «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэси 100 зэрырикъумкIэ! Ди япэ ита журналистхэм илъэси 100 ипэкIэ цIыхухэм еджэкIэ-тхэкIэ ирагъащIэу щIадзащ я лэжьыгъэм, цIыхубэр политикэ гъащIэм зэрыхашэным, зэхуэдэныгъэм, лъэпкъ зэныб жьэгъугъэм, республикэм щыпсэу псоми зым адрейм пщIэ хуищIу зэдэпсэуным къыхураджэу.

Нобэ IэнатIэм пэрыт нобэрей журналистхэм абыхэм я Iуэхум пыдощэ, зэгъусэу ди республикэм къэралыгъуэр лъэ быдэкIэ щыувыным дытолажьэ, зэгурыIуэмрэ мамырыгъэмрэ, бзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным ди къару тедухуэу. РедакцитIри гуапэу дызэхущытщ, дяпэкIи зым адрейм зыщIэдгъакъуэу дыкъэгъуэгурыкIуэнущ.

Мы ныбжьышхуэр щыдгъэлъапIэ махуэхэм «Заман» газетым и лэжьакIуэхэр къалэмкIэ ди ныбжьэгъухэм дынывохъуэхъу тхэныгумрэ хэлъэтымрэ фыщымыщIэну, гупсысэ щIэщыгъуэхэмрэ гукъэкI гъэщIэгъуэнхэмрэ фи лъэр щIагъэкIыу, ехъулIэныгъэфIхэр фи IэнатIэм щывгъэунэхуну. МыкIуэдыжын журналист Iэзагърэ ефIэкIуэныгъэкIэ Тхьэр къыфхуэупсэ!

«Заман» газетым и лэжьакIуэ гупыр.

ПщIэшхуэ зыхуэтщI ди лэжьэгъу лъапIэхэ! «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэ!

Ди гумрэ ди псэмрэ къабгъэдэкI псалъэ гуапэхэмкIэ зыфхудогъазэ къуэш республикэм къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ»-м игъэлъапIэ лIэщIыгъуэ махуэщIым и щIыхькIэ!

Илъэси 100-р - лIыщIыгъуэкIэ газетым къикIуа гъуэгуанэ ин дыдэщ! А пIалъэм къриубыдэу газетым и нэIэм щIэтащ, ноби щIэтщ Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэин лъапIэр, адыгэу дунейм тетым я щыIэкIэ-псэукIэр.

Пэжщ, зэман зэхуэмыдэхэм къыдэкIыгъуэм зэхъуэкIыныгъэ куэд игъуэтурэ къекIуэкIащ. Ауэ, зызымыхъуэжауэ къэнар газетым - къэралым, жылагъуэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм, щIэджыкIакIуэхэм гумызагъэу, пщIэ хуищIу зэрыхущытыр, лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр хъумэным гуащIэшхуэ зэрыхуигъэтIылъращ.

Газетым и цIэр игъэIуащ IэпщIэлъапщIагъ ин зыбгъэдэлъ, журналист нэхъусахэр здыщылажьэ къыдэкIыгъуэу. ЩIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ щывиIэ пщIэр фхуэфащэ дыдэу къызэрыфлъэщам зыми шэч къытрихьэркъым. Сыт щыгъуэ пIалъи газетым ехъумэ адыгэ лъэпкъым и тхыдэ уасэншэр, жылагъуэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэми пэжагъ хэлъу уасэ ирет. Апхуэдэ фи Iуэху бгъэдыхьэкIэм, шэч хэмылъу, фи пщIэр лъагэу еIэт.

«Адыгэ псалъэ»-м игъэлъапIэ илъэси 100-р я махуэщIщ мыбдеж щылажьэхэм, фи щIэджыкIакIуэ лъапIэхэм, штатым хэмыт авторхэм, печатым и ветеранхэм.

«Черкес хэку»-мрэ «Адыгэ псалъэмрэ» дяку дэлъщ дызэрыгушхуэ лIыщIыгъуэ зэныбжьэгъугъэр, зэдэлэжьэныгъэ купщIафIэ. ЗэдэдлэжьпроектхэмкIэ нэхъри зэпэгъунэгъу зыдощI, лъэпкъыбзэр зэдыдохъумэ, адыгэм къытхэкIахэр зэдыдогъэлъапIэ. А лэжьыгъэр уасэншэщ, къэкIуэн жыжьи зиIэщ. ДяпэкIи нэхъри Тхьэм дригъэфIакIуэ! Фи газетым, абы щылажьэ журналистхэм я творческэ ехъулIэныгъэхэм дрогуфIэ, КъШР-м щыдоIэт, щыдогъэлъапIэ. Апхуэдэхэр нэхъыбэж фхуищI! Дызэкъуэтмэ-дылъэщщ!

Ди псэм хуэтхь адыгэ газетым щылажьэхэр творческэ ехъулIэныгъэ фыщымыщIэну, текIуэныгъэ куэди къэфлъэщыну дывохъуэхъу! ЛIыщIыгъуэр фи махуэу, фи къарур мыкIуэщIу, узыншагъэ быдэ фиIэу, зывужьу, фIым фыхуэпабгъэу фызэдигъэлажьэ! Фи унагъуэкIи зэдэлажьэ гупми мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ фыщимыгъащIэкIэ!

«Черкес хэку» газетым и редакцэ,
Къэрэшей-Черкес Республикэ.

Мы махуэхэм илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу ди «Адыгэ псалъэ» газетыр. Тхурехъу ар газетымкIи дэркIи угъурлы. ГуфIэгъуэ, ехъулIэныгъэ, зэгурыIуэ, зэхэтыкIэ дахэ къытхудэкIуэну Тхьэм жиIэ. Абыхэм къыздахь фIыгъуэм ди лъэр щIигъэкIыу, дамэ къытригъакIэу, дэрэжэгъуэ ин къытхуихьрэ ди псэр дэгуфIэу, «Адыгэ псалъэр» куэдрэ ди адыгэ унагъуэхэм илъыну си гуапэщ.

Лъэпкъ мыгъэкIуэду «Адыгэ псалъэ»,
Адыгэ псоми я уэчыл нэс.
Хабзэр, нэмысыр, Iущыгъэр налъэу
Уэ къытхэплъхьэнкIэ зэи уемызэш.

Сыту сфIэдахэ уи ущиекIэр,
Уи бзэм и макъым хьэщыкъ сещIыф.
Уи дахэм занщIэу псэр щабэ ещIыр,
Жанщ уи акъылыр, бгъэсэн хуейм цIыху.

Уи махуэ лъапIэр пхуэугъурлыну
Зэи сымыувыIэу Тхьэм сыпхуолъэIу.
Упсэу иджыри нэхъри хэбгъахъуэу,
Уэ удимыIэм, лъэпкъыр бгъунлъэнщ.

ДЫЩЭКI Марие,
КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ.

Газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьахэр

Адыгэ газетым къикIуа илъэсищэ гъуэгуанэм къриубыдэу абы и унафэщIу щытащ редактор тIощIым щIигъу. Ахэр а къулыкъум зэрытетари я натIэ хъуари икъукIэ зэщхьэщокI. Ятеухуа хъыбархэри мащIэ дыдэщ, псом хуэмыдэу пэщIэдзэ лъэхъэнэм щыIахэм. ИпэжыпIэкIэ дызыщыгъуазэр япэ редактору щытахэу Хъуран Батий, Бейтокъу Мухьэмэдмырзэ, Срыхъу Хьэгуцырэ сымэ я къулыкъум зэрытекIуэдарщ - 1928 - 1937 гъэхэм щыIа репрессиехэм ихьащ. ГурыIуэгъуащэкъым икIи нэсу зэхэгъэкIауэ щыткъым 1927 - 1935 гъэхэм ди газетым и унафэщIу щытахэм я цIэ-унэцIэхэр. Махуэ бжыгъэкIэ фIэкIа а къулыкъум темытахэри щыIэщ. Дэтхэнэми теухуа хъыбархэр дэ дегугъуу зэхудохьэсыж. Иужьу архивхэм къыщыдгъуэтыжахэм къыдагъэщIащ Сэхъу (и унэцIэр тщIэркъым), АфIэунэ Мухьэмэд, Къардэн Хь. (Хъ, Хъу?), Бейтокъу Мухьэмэдмырзэ сымэ адыгэ газетым и редактору зэрыщытар - ахэр иджы япэу утыку къитхьэу аращ. Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ гупым я пашэу къэгъуэгурыкIуахэм. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм ятеухуа тхыгъэхэр зэхуэдиз тхуэщIакъым, куэдым я къекIуэкIыкIам нэсу дызэрыщымыгъуазэм къыхэкIыу.

«Къэрэхьэлъкъ»
Хъуран Батий
1924 - 1927



Ди лъэпкъым тхыбзэ хузэгъэпэщыным пасэу яужь ихьахэм ящыщт щIэныгъэлI гъуэзэджэ, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ Хъуран Батий, - латин хьэрфхэр и лъабжьэу адыгэбзэм алфавит хузэхэзылъхьар. Ар 1890 гъэм Абзуанхьэблэ (Къулъкъужын Ипщэ) къыщалъхуащ. Къуажэм щыIэ пэщIэдзэ школыр къиуха иужь, ар щIэтIысхьащ IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыру Налшык дэт еджапIэм. ИлъэситIкIэ щеджауэ Мэздэгу Iэпхъуэри абы дэт педагогикэ еджапIэр 1911 гъэм къиухащ. Батий и ныбжьыр илъэс 21-м иту и къуажэм егъэджакIуэу лэжьэн щыщIидзащ, нэхъ иужьыIуэкIэ а лэжьыгъэм щыпищащ Налшык реальнэ училищэм.

Япэ дунейпсо зауэр екIуэкIыу, 1916 гъэм Хъураныр дзэм ираджэри, Чучуев къалэм дэт дзэ училищэм щIагъэтIысхьащ. Ар къиухри, офицер хъуауэ, дзэм хыхьащ. Ауэ Хъураныр абы куэдрэ хэтакъым. ПIалъэкIэ лэжьэну ягъэува правительствэм зэбгригъэкIыжащ зи цIыхухэр нэхъ мащIэ лъэпкъхэм ящыщхэр хэту къызэрагъэпэща дзэхэр икIи Батий Налшык къэкIуэжащ.

Зэрырагъэджэну тхылъ зэрамыIэм игъэгузавэ Хъураным адыгэбзэм елэжь щIэныгъэлI гуп зэхуишэсри, абыхэм я лэжьыгъэр иунэтIу щIидзащ. Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэри, лъахэм исхэри зэрызэрыщIэн алфавит зэхэлъхьэным трикъузащ. ИкIэм-икIэжым, Хъуран Батий езым и пщэм дилъхьэжащ апхуэдэ алыфбей къызэгъэпэщын къалэныр икIи ар зэхилъхьащ.

Хъураным къехъулIат и мурад нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыр - езым латин графикэм тету зэхилъхьа алфавитыр лъабжьэ хуэхъуат адыгэ тхыбзэм, абыкIэ еджэрт, тхэрт цIыху минхэр, адыгэ лъэпкъыр. 1924 гъэм къыщыщIэдзауэ 1936 гъэ пщIондэ адыгэ тхыбзэр зытетар а алфавитырщ. Ар къащтауэ щытащ шэрджэсхэми, адыгейхэми, абхъазхэми, зэщхьэщыкIыныгъэ мащIэ дыдэ фIэкIа ямыIэу. А алфавитымкIэщ «Къэрэхьэлъкъыр» къыдэкIыу зэрыщытари. А газетым жэуап зыхь и редактору щыткIэрэ, Хъураным цIыхубэм еджэкIэрэ тхэкIэрэ яригъащIэрт.

1927 гъэм Хъураныр, пэмыплъагъэххэу икIи хуэмейуэ, къулыкъукIэ драгъэкIуэтеящ. Кавказ Ищхъэрэ крайисполкомым цIыхубэр егъэджэнымрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэуври, щылэжьэну икIи щыпсэуну Дон Iус Ростов къалэм ягъэкIуащ. ИлъэситIкIэ а къулыкъум пэрытауэ, 1928 гъэм ягъэтIысри, куэд дэмыкIыу тутнакъэщым ису лIащ.

Илъэс куэдкIэ зыми ищIакъым ар щIагъэкъуэншар, къыхуащIа дагъуэр. 1960 гъэм хей ящIыжащ, лажьэ имыIэу ягъэтIысауэ къалъытэжри.

«Къэрэхьэлъкъ»
Сэхъу
1930 гъэм и щIышылэм (январым) и 24-м щегъэжьауэ

«Къэрэхьэлъкъ»
Сибэч Жэмалдин
1930 гъэм мэлыжьыхь (апрель) - шыщхьэуIу (август)

1902 гъэм Къылышбийхьэблэ (иджы Нартан) къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс пщыкIутхум иту Нал-

шык дэт реальнэ училищэм щIэтIысхьащ. 1929 гъэм Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIур къиухащ икIи занщIэу Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и культпромым и инструктору ягъэуващ. 1930 гъэм и мэлыжьыхьым (апрелым) щыщIэдзауэ шыщхьэуIу (август) пщIондэ «Къэрэхьэлъкъым» и редактору щытащ. ИужькIэ газетым и унафэщIым и къуэдзэу кърагъэкIуэтэхыжащ.

1933 гъэм къыщыщIэдзауэ Лъэпкъ издательствэм, Облздравотделым, Тэрч райкомым, Облоном и унафэщIу лэжьащ. 1938 гъэм ягъэуващ КъБАССР-м егъэджэныгъэмкIэ и комиссару, арщхьэкIэ илъэс нэхъ дэмыкIыу пцIы тралъхьэри ягъэтIысащ. АдэкIэ и натIэ хъуар ноби ящIэркъым. Мыпсэужу хей ящIыжащ.

«Ленин гъуэгу»
АфIэунэ Мухьэмэд
1933 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 10-м щегъэжьауэ

Къардэн Хь. (Хъ., Хъу.?)
Газетым и редактору зэрыщытам фIэкIа, ди жагъуэ зэрыхъущи, зыри тщIэркъым

«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр»
Бейтокъу Мухьэмэдмырзэ
1936 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 17 пщIондэ

Бейтокъу Мухьэмэдмырзэ теухуа хъыбархэм япэу дыщрихьэлIэр 1936 гъэм фокIадэ мазэм и пэщIэдзэм коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром и зэIущIэм и протоколращ. А махуэм къызэхуэсахэр зыхэплъа епщыкIубланэ Iыхьэм итт: «Троцкист-зиновьев террорист центрыр зэрагъэкъуэнша Iуэхур адыгэбзэкIэ щызэрадзэкIым политикэ зэблэхъуэкIыныгъэ зэрыратам теухуауэ».

ГуащIэу тепсэлъыхьу къащта унафэм дыкъыщоджэ: «Троцкист-зиновьев террорист центрыр зэрагъэкъуэнша Iуэхур адыгэбзэкIэ щызэрадзэкIым, 24.08.1936 гъэм къыдэкIа адыгэ газетым тетам, политикэ зэблэхъуэкIыныгъэ къемызэгъ къигъэхъуащ зэдзэкIакIуэ ЦIыпIынэм (ВЛКСМ-м хэтщ), псалъэхэр зэблигъэувыкIри, къарыкIыр контрреволюционнэ мыхьэнэкIэ ихъуэжащ. Газетым и редактор Бейтокъум, оригиналымрэ корректорхэр зыхэлэжьыхьыжамрэ (корректорыр Лакъунырщ) илъэгъуа пэтми, нэрылъагъуу контрреволюционнэ мыхьэнэ игъуэтауэ зэрадзэкIар газетым къытридзащ.

Абы къыдэкIуэу къэлъытэн, троцкист-зиновьев террорист центрым и приговору къытрадзами (мы гъэм 26.08-м газетым тетащ) контрреволюционнэ зэблэхъуэкIыныгъэ зэрыхэлъар. ЗэзыдзэкIар литературэ лэжьакIуэ IэрыпщырщI, традзэну хуит зыщIар редактор Бейтокъурщ. Ари зэзыдзэкIар Лакъунырщ.

А псом ищIыIужкIэ комиссэм къиухуташ троцкист-зиновьев бандэм суд зэрытращIыхьам теухуа тхыгъэр щызэрадзэкIым балъкъэр газетми зэблэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ зэрыщыIар.

ВКП (б)-м и обкомым и бюром унафэ ещI:

1. Троцкист-зиновьев террорист центрым теухуа приговорыр адыгэбзэкIэ щызэрадзэкIым къагъэхъуа контрреволюцэ зэблэхъуэкIыныгъэм къыхэкIыу Бейтокъур редактор къулыкъум тегъэкIын икIи партым къыхэдзын»...

1936 гъэм фокIадэм и 17-м Бейтокъу Мухьэмэдмырзэ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и къулыкъум трагъэкIащ, партым къыхадзащ икIи ягъэтIысащ. 1937 гъэм ар лъэхъуэщым илIыхьащ.

Илъэс тIощI дэкIауэщ хейуэ къыщалъытэжар. 1957 гъэм фокIадэм и 28-м СССР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Дзэ коллегием Бейтокъу Мухьэмэдмырзэ Мусэ и къуэр лажьэ имыIэу ягъэтIысауэ игъэуващ икIи абы ехьэлIа Iуэхур зэхуищIыжащ зэрымыкъуаншэм къыхэкIыу.

И щхьэгъусэ Бейтокъу М. С. иужькIэ зыхуигъэзащ компартым и Налшык къалэ комитетым икIи 1958 гъэм мазаем (февралым) и 17-м Мухьэмэдмырзэ партми хагъэхьэжащ *(мыпсэужу)*.

«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр»
Срыхъу Хьэгуцырэ
1936 - 1937

Бейтокъум иужькIэ адыгэ газетым и редактору ягъэува Срыхъу Хьэгуцыри натIэ хъуар ардыдэращ. И къару емыблэжу, бгъэдэлъ щIэныгъэр лъэпкъым хуигъэлажьэу и гъащIэр ихьащ Джылахъстэнейм хыхьэ Инарыкъуей къуажэм 1906 гъэм къыщалъхуа щIалэм. Жэуап зыхь редактору иригъажьэри, къэбэрдей тхылъ тедзапIэм илъэсым щIигъукIэ щыIауэ, «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и редакторым и къуэдзэу ягъэкIуащ. ИужькIэ ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу, партым и обкомым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и къудамэм и инструктору щытащ. Ауэ хузэфIэкIыну псом гъунэ ирилъа къудейуэ дунейм ехыжащ.

Хьэгуцырэ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым жэуап зыхь и редактору ягъэуващ 1936 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 17-м. 1937 гъэм накъыгъэм (майм) и 10-м ар партым къыхадзащ икIи ягъэтIысащ. Зэман шынагъуэу тхыдэм хыхьа а илъэсхэм цIыхухэр щIагъэкъуаншэ гуэрт къыкIэралъхьари: цIыхубэм и бийуэ къалъытат. Мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу, и Iуэхури зэхамыгъэкIыххэу, и судыр укIыкIэ ящIащ, а унафэри бадзэуэгъуэм (июлым) и 26-м ягъэзэщIащ. Илъэс тIощI дэкIыжа иужьщ Срыхъу Хьэгуцырэ зэрыхеямкIэ, зэрагъэулъиямкIэ зыщаумысыжар, щагъэзэхуэжар.

«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр»
Щомахуэ Амырхъан
1938 - 1939, 1943 -1944

Ди республикэм щыцIэрыIуэ тхакIуэ, усакIуэ Щомахуэ Амырхъан журналист хъарзынэуи щытащ. Джылахъстэнейм щыIэ Къаншыуей (Курп Ищхъэрэ) къуажэм 1910 гъэм къыщалъхуа щIалэм хузэфIэкIащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтын: абы къиухащ Орджоникидзе (Владикавказ) дэт педагогикэ институтыр. Абы иужькIэ Щомахуэр егъэджакIуэу щылэжьащ Налшык педагогикэ техникумым.

1938 гъэм, адыгэбзэкIэ къыдэкI газетыр егъэфIэкIуэн зэрыхуейр, Щомахуэм щIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъыр, адыгэбзэм зэрыхуэшэрыуэр къалъытэри, ар «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и редактору ягъэкIуащ. НэгъуэщI къулыкъу кърату и лэжьыгъэр зэпигъэун хуей хъуами, а IэнатIэм пэрыувэжащ фашист зэрыпхъуакIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым ирахуэжа иужькIэ. 1955 - 1957 гъэхэм «Къэбэрдей пэж» газетым и редакторым и къуэдзэу лэжьащ, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактору ягъэувыху.

Щомахуэр ВКП(б)-м и Бахъсэн райкомым и япэ секретару, Къэбэрдей АССР-м егъэджэныгъэмкIэ и наркому, Къэбэрдей Къэрал тхылъ тедзапIэм и унафэщIу, иужькIэ аргуэру КъАССР-м егъэджэныгъэмкIэ и министру, щытащ.

«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр», «Къэбэрдей пэж»
Фэнзий Исмел
1940 - 1941, 1947 - 1948

IэнатIэ куэдым пэрыта Фэнзий Исмел и гъащIэр газет лэжьыгъэми быдэу пыщIауэ щытащ. Джылахъстэнейм щыIэ Болэтей къуажэм 1908 гъэм къыщалъхуа Фэнзий Исмел Къызэ и къуэр пасэу парт-политикэ лэжьыгъэм хыхьащ. Абы журналист, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зыкъигъэлъэгъуащ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ газетым и къудамэхэм я унафэщIу щыщыта зэманым. Ар къалъытэри, иужькIэ, а газетым и редактор къулыкъур къыхуагъэфэщащ.

1941 гъэм партым и Тэрч, иужькIэ Лэскэн райкомхэм я япэ секретару лэжьащ. 1947 гъэм «Къэбэрдей пэж» адыгэ газетым игъэзэжащ икIи абы пропагандэмрэ агитацэмкIэ и къудамэм и унафэщI къулыкъур щрихьэкIащ. Исмел Iэзэу зэкIэлъигъакIуэрт рабочэ, къуажэ корреспондентхэм я лэжьыгъэр. ИужькIэ обкомым и бюром и унафэкIэ Фэнзийр газетым и редакторым и къуэдзэу ягъэуври гуащIафIэу щылэжьащ.

«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр»
Къущхьэ БетIал
1941

Къущхьэ БетIал къыкIэрыхуауэ щIидзауэ щытащ еджэным. Ар набдзэгубдзаплъэт, губзыгъэт икIи ерыщт, зыщIидза Iуэхур и кIэм нигъэсырт.

Зеикъуэ курыт еджапIэм щIэсу тхэн щIидзати, газетхэм щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт и тхыгъэхэр: корреспонденцэхэр, очеркхэмрэ рассказ кIэщIхэмрэ. Еджэным зи гур ета щIалэ цIыкIур и адэм Пятигорск ишащ икIи урыс школым щIигъэтIысхьащ. И адэм и ныбжьэгъу лIыжь гуэрым деж щыIэурэ абы щеджащ.

ИужькIэ БетIал, Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIум щеджащ. Ар къиухри, дзэм къулыкъу щищIащ. Дэнэ щыIами, ар и къалэнхэм яхуэпэжт икIи жэрдэм хэлъу зэфIигъэкIырт.

Зауэр къэхъеиным и пэкIэ Къущхьэ БетIал ягъэкIуауэ щытащ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым. ЯпэщIыкIэ ар лэжьащ зэдзэкIакIуэу, пропагандэмрэ агитацэмкIэ къудамэм и унафэщIу. А IэнатIэхэм абы зыкъыщигъэлъэгъуат жэрдэм зыхэлъ къызэгъэпэщакIуэ гъуэзэджэуи.

1941 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 25-м абы къыхуагъэфэщащ газетым и редактор къулыкъур. Абы ар тетащ Хэку зауэшхуэм щIидзэу нэмыцэдзэхэр ди лъахэм къэсыху.

Нэмыцэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщысым, Къущхьэ БетIал дзэм хыхьащ икIи Iэщэ иIыгъыу бийм япэуващ. Ар зэуапIэм Iутащ адыгэ нэсым, офицер хахуэм зэрыхуэфащэу, лIыгъэ хэлъу.

БетIал щIэхъуэпсырт ТекIуэныгъэр къыщытхьыну махуэм, ауэ абы ар илъэгъуакъым. И хэку лъапIэм, къызыхэкIа лъэпкъым, и къуажэгъухэм я хуитыныгъэм Iэщэ иIыгъыу щIэбэну ар зэуапIэм къыщаукIащ.

«Къэбэрдей пэж»
Дал Iэуес
1948 - 1951

Дал Iэуес МатIэ и къуэр 1916 гъэм Куба къуажэм къыщалъхуащ. Налшык педучилищэр 1937 гъэм къиуха иужь, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и наркоматым инспектору щылэжьащ. Мыгувэу ар ягъэкIуащ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и редакцэм икIи дзыхь къыхуащIащ абы и промышленнэ, мэкъумэш къудамэхэм я унафэщIу щытыну.

1941 гъэм къыщыщIэдзауэ 1944 гъэ пщIондэ Далыр зауэм щыIащ. Абы къыщигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэр.

Зауэ нэужьым «Къэбэрдей пэж» газетым къигъэзэжащ. Парт гъащIэмкIэ къудамэм и Iэтащхьэу, редакторым и къуэдзэу щытащ. 1947 гъэм къыщыщIэдзауэ 1951 гъэ пщIондэ газетым и редактору лэжьащ. А IэнатIэм абы къыщигъэлъэгъуащ зэфIэкIышхуэрэ жэрдэмрэ зыхэлъ цIыхуу зэрыщытыр.

ИужькIэ Далым IэнатIэ зыбжанэ ирихьэкIащ - 1954 гъэм ар Лэскэн ягъэкIуащ КПСС-м и райкомым и япэ секретару, иужькIэ Министрхэм я Советым и къызэгъэпэщакIуэ къудамэм и унафэщIу щытащ. 1957 гъэм Далыр КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэри, 1959 гъэм къиухащ. ЩIэныгъэфI зыгъуэта щIалэр республикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылэжьащ. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, Iэуес зэфIэкIышхуэ зиIэ цIыху зэщIэкъуауэ зыкъигъэлъэгъуащ.

«Къэбэрдей пэж»
Махуэ Анатолэ
1951 - 1955

1923 гъэм Сэрмакъ адыгэ къуажэжьым къыщалъхуащ Махуэ Анатолэ Джылахъстэн и къуэр. 1941 гъэм курыт школыр къиуха иужь ар Орджоникидзе щыIэ зауэ хуэIухуэщIэ училищэм щIэтIысхьащ.

1941 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм ар яхыхьащ нэмыцэ фашистхэм езауэ советыдзэхэм. Взводым, ротэм я унафэщIу щытащ. Зэрихьа лIыгъэм папщIэ кърататащ Вагъуэ Плъыжь орденыр, «Берлин къызэращтам папщIэ», «Варшавэ къызэращтам папщIэ» медалхэр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри.

И узыншагъэр зэрызэIыхьам къыхэкIыу, Махуэр 1945 гъэм фокIадэм (сентябрым) дзэм къыхэкIыжын хуейуэ хъуащ. Къигъэзэжа нэужь Сэрмакъ къуажэ клубым и унафэщIу, курыт школым и завучу, ВКП (б)-м и Нагорнэ райкомым и пропагандисту лэжьащ.

Краснодар дэт илъэситI парт школыр 1949 гъэм къиуха иужь, Анатолэ ВКП (б)-м и Дзэлыкъуэ райкомым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и къудамэм и унафэщIу, партым и обкомым и инструктору, профсоюз, комсомол зэгухьэныгъэхэмкIэ секторым и Iэтащхьэу щытащ.

Махуэм и зэфIэкIыр нэхъыфIу къыщигъэлъэгъуащ «Къэбэрдей пэж» газетым и редактор къулыкъум щыпэрыта илъэсиплIым. Ар абы ягъэуващ 1951 гъэм и мэкъуауэгъуэм (июным). Махуэр цIыхухэр зэзыгъэдэIуэф, газетым къыпэщыт къалэнхэм хузэщIэзыгъэуIуэф унафэщIт.

«Къэбэрдей пэж», «Ленин гъуэгу»
Дол Батырбий
1955 - 1961

Дол Батырбий Кургъуокъуэ и къуэр 1918 гъэм Налшык районым хыхьэу щыта Нартан къуажэм къыщалъхуащ. Налшык рабфакыр 1937 гъэм къиухри, «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и корректор нэхъыжьу лэжьэн щIидзащ. А IэнатIэм пэрашри, 1939 гъэм дзэм ираджащ. Абы щыIэуи Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Батырбий Ленинград дэт артиллерие-техникэ училищэр къиухащ. Хэку зауэшхуэм жыджэру хэтащ. 1946 гъэм дзэм къыхэкIыжа иужь, «Къэбэрдей пэж» газетым и редакцэм лэжьакIуэ ягъэкIуащ.

1950 гъэм ар щIэтIысхьащ КПСС-м и ЦК-м деж щыIэ Парт школ нэхъыщхьэм. Илъэсищ дэкIыу ар къиуха иужь, «Советская молодежь» газетым и унафэщI хъуащ. Батырбий пIалъэ кIэщIкIэ щытащ Къэбэрдей АССР-м щэнхабзэмкIэ и министру. 1954 гъэм и накъыгъэм (майм) абы къыхуагъэфэщащ КПСС-м и обкомым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и къудамэм и унафэщI къулыкъур.

Редакцэ лэжьыгъэм кууэ зэрыхищIыкIыр къалъытэри, 1955 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 15-м Дол Батырбий ягъэуващ «Къэбэрдей пэж» газетым и редактору. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ, журналистикэм, газет лэжьыгъэм хэзыщIыкI Долыр а IэнатIэм илъэсиблкIэ пэрытащ, лъэпкъым къыхуэщхьэпэн лэжьыгъи зэфIигъэкIащ.

«Ленин гъуэгу»
Сэхъу Къэрэщей
1961 - 1970

Зыдэлэжьа куэдым Сэхъу Къэрэщей ягу къинэжащ гудзакъэшхуэрэ жэрдэм инрэ зыхэлъ цIыхуу. 1922 гъэм Джылахъстэней куейм къыщалъхуа адыгэ щIалэр 1939 - 1941 гъэхэм комсомол лэжьыгъэм пэрытащ. Зауэм зэрыщIидзэу Сэхъур дзэм ираджащ икIи абы хэтащ 1946 гъэр къэсыху. Зэхэуэ гуащIэхэм къыщигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ Хэку зауэ орденитI, медалхэр кърататащ.

1946 - 1949 гъэхэм КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым щылэжьащ, иужькIэ Прималкинскэ райкомым и секретару щытащ. 1949 гъэм къыщыщIэдзауэ 1955 гъэр къэсыху «Ленин гъуэгу» газетым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэм и унафэщIу лэжьащ. 1955 гъэм Сэхъур Аруан районым и цIыхубэ депутатхэм я Советым и исполкомым и унафэщIу хахащ. А къулыкъур абы ирихьэкIащ 1957 гъэ пщIондэ. Районым и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным куэд зэрыхилэжьа-хьам папщIэ а зэманым къыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр. ИужькIэ Сэхъур илъэситIкIэ КПСС-м и Iуащхьэмахуэ райкомым и япэ секретару щытащ. 1961 гъэм къиухащ КПСС-м и ЦК-м деж щыIэ Парт школ нэхъыщхьэр.

Ауэ ар республикэ псом фIыуэ къыщацIыху икIи къыщалъагъу зыщIар «Ленин гъуэгу» газетым и редактор къулыкъурщ. Сэхъум пщIэрэ щытхъурэ иIэу а лэжьыгъэр илъэсибгъукIэ (1961 гъэм къыщыщIэдзауэ 1970 гъэ хъуху) ирихьэкIащ.

«Ленин гъуэгу»
ЛIыбекъуэ Хьэбас
1970 - 1978

Бахъсэн районым щыIэ Бахъсэненкэ къуажэм 1922 гъэм къыщалъхуа ЛIыбекъуэ Хьэбас Къасым и къуэм и ныбжьыр илъэс 18 зэрырикъуу я къуажэм дэт пэщIэдзэ школым егъэджакIуэу лэжьэн щыщIидзащ. 1941 - 1944 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ. Псэзэпылъхьэпlэ куэдым хэтащ, лIыгъэ хэлъуи зыкъигъэлъэгъуащ. Абы и щыхьэтщ Вагъуэ Плъыжь орденыр, медалхэр къызэрыхуагъэфэщар.

УIэгъэ хьэлъэ хъууэ дзэм къыхэкIыжа иужь, 1944 - 1950 гъэхэм Бахъсэненкэ курыт школым и унафэщIу лэжьащ. 1950 гъэм къыщыщIидзэри, парт, совет, журналист IэнатIэ зыбжанэ ирихьэкIащ: партым и райкомым и къудамэм и унафэщIу, етIуанэ секретару лэжьащ, райисполкомым и Iэтащхьэу щытащ, КПСС-м и обкомым и инструктор, секторым и унафэщI къулыкъухэр иIыгъащ.

1970 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 23-м ар ягъэуващ «Ленин гъуэгум» и редактору икIи 1978 гъэ пщIондэ а лэжьыгъэм пэрытащ. ЛIыбекъуэм Iуэхушхуэ зэфIигъэкIащ газетым традзэ тхыгъэхэр нэхъ купщIафIэ хъун и лъэныкъуэкIэ.

«Ленин гъуэгу»
ТIажь Пётр
1979 - 1982

Зригъэгъуэта IэщIагъэмкIэ ТIажь Пётр Мышэ и къуэр егъэджакIуэт, пэщIэдзэ классхэм щригъаджэу 1948 гъэм лэжьэн щIидзат. АрщхьэкIэ езым фIыуэ илъагъур, дэзыхьэхыр журналист IэщIагъэрт. Арати, апхуэдэ Iэмал абы къыхукъуэкIащ икIи 1954 гъэм ар «Ленин гъуэгум» уващ. ИлъэсипщIым щIигъукIэ ар щытащ а газетым и къудамэм и унафэщIу.

Парт лэжьыгъэм фIыуэ зэрыхищIыкIыр къалъытэри, КПСС-м и обкомым лэжьакIуэ яшащ - инструктору, секторым и унафэщIу лэжьащ.

Парт, журналист лэжьыгъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр абы хуабжьу къыхуэщхьэпащ къару куэд зрихьэлIа «Ленин гъуэгу» газетым и редактор къулыкъур щрихьэкIа зэманым - 1978 гъэм къыщыщIэдзауэ 1982 гъэр къэсыху.

«Ленин гъуэгу», «Адыгэ псалъэ»
Мэзыхьэ Борис
1982 - 1997



Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм 1940 гъэм къыщалъхуащ. Жылэм щызэхэт колхозым курыт еджапIэ нэужьым зы илъэскIэ учетчикыу щылэжьащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым и адыгэ-урыс къудамэр 1964 гъэм къиухри, Къэрал щэхухэр печатым мыгъэкIуэнымкIэ управленэм щыIащ. 1967 гъэм «Ленин гъуэгу» газетым корреспонденту уващ, иужькIэ къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару щытащ. 1979 гъэм КПСС-м и обкомым печатымкIэ, телевиденэмрэ радиомкIэ и секторым и унафэщIу яшащ. Илъэсищ хуэдэкIэ а къулыкъур ирихьэкIауэ, Мэзыхьэм редакцэм къигъэзэжащ газетым и редактор нэхъыщхьэу. Зэрылажьэм хуэдэурэ абы КПСС-м и ЦК-м деж щыIэ Академиер къиухащ.

Мэзыхьэр КъБР-м и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэу, Урысейм и Журналистхэм я союзым ФедерацэмкIэ и Советым, ТхакIуэхэм я союзым хэтащ.

Мэзыхьэм адыгэ газетым Iуэхугъуэфlхэр къыщиIэтащ. Адыгэхэр щыпсэу зэкъуэш республикищым - Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым - къыщыдэкI «Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Адыгэ псалъэ» газетхэм нобэми къыдагъэкI номер зэхэтхэм ятеухуа жэрдэмыр къыхэзылъхьар Борисщ. Ахэр республикищым щыпсэу адыгэхэр я псэукIэкIэ зэрыщIэнымкIэ, я гурыгъу-гурыщIэхэмкIэ зэдэгуэшэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху хъуащ.

ИригъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм папщIэ Мэзыхьэ Борис къыфIащащ Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэхэр, апхуэдэу ар Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэт.

«Адыгэ псалъэ»
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд
1997 - 2021



ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1946 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къиуха нэужь, «Советская молодежь» газетым, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Точка зрения» журналым, газет-журнал тедзапIэм щылэжьащ, 1997 - 2021 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ.

1997 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 24-кIэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэу щытащ. ЦIыхум гу лъамытэнкIэ Iэмал иIэкъым лъэпкъ газетым а зэманым и кIуэцIкIэ зыужьыныгъэшхуэ зэригъуэтам, псом хуэмыдэу хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм ятеухуа тхыгъэ куэд къытехуэ зэрыхъуам.

ХьэфIыцIэр и редактор нэхъыщхьэу дунейм къытехьащ «Нарт», «Черкесское зарубежье», «Хасэ» газетхэм я къыдэкIыгъуэ куэди.

КъищынэмыщIауэ, ар жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэщ: Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщIакIуэ гупым хэтщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академикщ, «Адыгэ щIэнгъуазэ» институтым и директоркъызэгъэпэщакIуэщ.

И гуащIэдэкIым къыпэкIуауэ, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэхэр. Абы зыбжанэрэ кърататащ КъБР-м ПечатымкIэ и министерствэм, Журналистхэм я союзым я саугъэтхэр; апхуэдэ гулъытэ къыхуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэми. Мухьэмэд къыхуагъэфэщащ мамырыгъэм и Урысей Фондым и дыщэ медалыр, Iимам Щамил и цIэр зезыхьэ Дунейпсо фондым и дыщэ медалышхуэр, Къандурфондым и саугъэт «ЩIыхь дамыгъэр». Абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ яку дэлъ къуэшыгъэр гъэбыдэнымкIэ иIэ фIыщIэм папщIэ кърататащ Апсным и орден лъапIэ дыдэр. Ар щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату.

Газетым елэжь гуп зэкъуэтыр

Редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч

Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм 1960 гъэм къыщалъхуащ. МГУ-м журналист IэщIагъэр 1987 гъэм щызригъэгъуэтауэ нобэр къыздэсым а IэнатIэм пэрытщ. «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») «Маяк», «ЩIэнгъуазэ», «Нарт» газетхэм корреспонденту, къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щылэжьащ. КъБР-м Печатымрэ информацэмкIэ и министерствэм хъыбарегъащIэмкIэ и къудамэм и унафэщIу илъэсипщIкIэ щытащ. 2009 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу, 2021 гъэм - редактор нэхъыщхьэу ягъэуващ.

2023 гъэм КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу илъэситхукIэ хахащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ. КъБР-м и Парламентым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм я щIыхь тхылъхэр къратащ.

Унагъуэщ. БыниплIрэ къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ иIэщ.

- Илъэс 40 ипэкIэ япэу сызыщIыхьа адыгэ газетым гурэ псэкIэ сыкIэрыпщIащ жысIэмэ, егъэлея хъунукъым. Пасэу къызгурыIуат адыгэ псалъэмрэ гупсысэмрэ си зэфIэкIри щIэныгъэри есхьэлIэн зэрыхуейр, сыкъызыхэкIа лъэпкъым и дежкIэ ар пщэрылъ зыщысщIыжа фарзу зэрыщытыр.

НобэкIэ ди къалэныр адыгэ лъэпкъ уардэм и бзэ IэфIыр зэрытлъэкIкIэ тхъумэу, къытщIэхъуэ щIэблэм хэщIыныгъэншэу къыхуэдгъэнэнырщ. «Адыгэ псалъэм» щылажьэхэм абыкIэ куэд дыдэ иджыпсту ди пщэ къыдохуэри, Тхьэм дыпигъэлъэщ!

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖьэкIэмыхъу Маринэ

Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Налшык дэт курыт школ №22-м иужькIэ КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ урысыбзэмкIэ и къудамэр къиухащ. «Адыгэ псалъэ» газетым 1979 гъэ лъандэрэ щолажьэ.

Маринэ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналистщ. Республикэм и Парламентым, Правительствэм, министерствэхэм, УФ-м, КъБР-м я Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, дамыгъэ лъапIэхэр къратащ.

Ар я редакторщ ди тхакIуэ пажэхэм я къалэмыпэм къыщIэкIа тхылъ зыбжанэм. Апхуэдэу, «Адыгэ псалъэ» газетым и илъэсищэ юбилейм ирихьэлIэу иджыблагъэ къыдэкIа тхылъыр зэхэзыгъэувахэм, абы елэжьахэм ящыщщ.

- Зи цIэр мызэ-мытIэу зыхъуэжа, 1991 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэ» фIэщыгъэм щIэт газетым щылэжьа куэдым я хъуэпсапIэу щыта пIальэр догъэлъапIэ нобэ. Номер мин тIощIрэ тхум нэблагъэ щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьащ а зэманым къриубыдэу! ИкIи абыхэм ящыщ дэтхэнэ къыдэкIыгъуэри гъэщIэгъуэн зэрыхъуным елIэлIащ гуп зэкъуэтыр. Иджыри арацы, газетыр нэхъри щIэщыгъуэ, еджэгъуафIэ зэрытщIыным догугъу. Си гуапэщ «Адыгэ псалъэр» иджыри лIэщIыгъуэ куэдкIэ ди лъэпкъым къыдекIуэкIыну, си лэжьэгъухэр насыпыфIэу, цIыхухэм хъыбарыфIхэмкIэ ядэгуашэу я IэнатIэм пэрытыну.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Ширдий Маринэ

Арщыдан къуажэм щыщщ. Маринэ къиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр.

Маринэ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналистщ, Урысей печатыр илъэс 300 щрикъум кърatащ ЩIыхьым и дамыгъэр.

- Ди газетым и лIэщIыгъуэ ныбжьыр зыгъэлъапIэхэм сазэрыщыщыр си гуапэщ. ИкIи псом япэу си щхьэм къихьэр илъэсищэр куэд-мащIэракъым, атIэ а пIалъэм къриубыдэу мы редакцэм щIэблэу щызэблэкIарщ. Къэралми, Хэкуми, лъэпкъыми яхуэпэжащ, я къару къызэрихькIэ яхуэлэжьащ ахэр. Абыхэм я фIыщIэщ адыгэ литературэмрэ журналистикэмрэ зэрызэфIэувар. Ауэ абы и закъуэкъым. Дэ мы зэманым диIэщ дунейм къыщыхъу сыт хуэдэ Iуэхугъуэми - политикэми, экономикэми, щIэныгъэми, уеблэмэ хьэршыми - дызэрытепсэлъыхь бзэ бей. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы и «жьэгур» здэщыIэр адыгэбзэмкIэ къыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэщ, адыгэбзэкIэ лажьэ телеканалхэмрэ радиомрэщ. Ди жагъуэ хъуну абы хэлъри а жьэгур къэзылъыхъуэм я бжыгъэр зэрымащIэрщ. Хъуапкъым бзэм игъуэта зыужьыныгъэр къэдгъэтIасхъэ. Хъунукъым лъэпкъым и япэ узэщIакIуэхэм я хъуэпсапIэу щытар - ди бзэкIэ дытхэныр, деджэныр - IэщIыб тщIы. Ар къыдгурыIуэу ди бзэм дыхуэсакъмэ, иджыри лIэщIыгъуэ куэдкIэ къыдэкIынущ газетыр.

Жэуап зыхь секретарь Къаншокъуэ Эллэ

Урожайнэ къуажэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетыр 1992 гъэм къиухащ.

Налшык дэт школ-лицей №2-м егъэджакIуэу лэжьэн щыщIидзащ. 1996 гъэм «Кабардино-Балкарская неделя» газетым корректору уващ. ИужькIэ «Адыгэ псалъэр» компьютеркIэ къыщыдагъэкI IэнатIэм щылэжьащ, жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу щытащ. 2016 гъэ лъандэрэ газетым жэуап зыхь и секретарщ.

УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

- «Адыгэ псалъэр» зей адыгэр илъэс минхэм къапхыкIащи, и гъуэгу нэхъри кIыхь хъуну сыхуейщ. Лъэпкъыр щыIэныр зэлъытар бзэрщ икIи абы и хъумакIуэхэм ящыщу къызолъытэ ди газетыр. Бзэм зиужьынымкIэ, абы и къарум хигъэхъуэнымкIэ куэд хузэфIокI «Адыгэ псалъэми», дяпэкIи а лэжьыгъэм зэрыпищэнум шэч хэлъкъым.

Ди Iуэху сыткIи ефIакIуэ зэпыту, газетымрэ ди щIэджыкIакIуэхэмрэ ди зэпыщIэныгъэр нэхъри быдэ хъууэ, дэтхэнэ къыдэкIыгъуэми фIыгъуэ къытхудэкIуэу куэдрэ Тхьэм дигъэпсэу!

КъыдэзыгъэкI редактор ДыщэкI Соня

Куба къуажэм къыщалъхуащ. Я жылэм дэт курыт школыр къиуха нэужь, 1975 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетым щIэтIысхьэри, а гъэ дыдэми «Адыгэ псалъэ» газетым къэуващ, зэрылажьэм хуэдэури щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ.

УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

Унагъуэщ, щхьэгъусэ, къуэрэ къуэрылъхухэмрэ иIэщ.

Мызэ-мытIэу ягъэпэжащ щIыхь, щытхъу тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, саугъэт лъапIэхэмкIэ. Абыхэм ящыщщ республикэм и Правительствэм и ЩIыхь тхылъри.

- Сэ си нэгу щIэкIащ газетым къыщекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэ ин дыдэхэр. Гугъуехь куэд пыщIауэ щытащ газет къыдэгъэкIыным. ПсалъэщхьэхэрIэкIэ, тхыгъэхэр линотипкIэ къащыпырт, сатырхэр бдзапцIэ пщтырым къыхэщIыкIауэ зэпкъралъхьэрт. Ахэр сигу къыщIэзгъэкIыжаращ - бэлыхьищэр ятелъащ дяпэ итахэм, адыгэбзэр цIыхубэм яIурылъын, ар щIэблэм хуахъумэн, IэщIыб ирамыгъэщIын папщIэ. Компьютерым а лэжьыгъэр къыщытщигъэпсынщIа мы зэманыр ди анэдэлъхубзэм хуэфащэ пщIэ хуэдмыщIмэ, ар дымыгъэлъапIэмэ, ди щхьэм деижу аращ. «Адыгэ псалъэр» зыхуэлажьэр лъэпкъырщ, ди бзэраци, иджыри илъэсищэ бжыгъэ куэдкIэ ахэр зэщIыгъуну Тхьэм жиIэ!

Редактор Жыласэ Маритэ

Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. МГУ-м журналист IэщIагъэр щызригъэгъуэтащ.

1987 гъэм къыщыщIэдзауэ, щызэпигъэуаи хэту, «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым щыIэщ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ къудамэм и унафэщIщ. КъБР-м и Правительствэм и щIыхь тхылъыр мы гъэм къратащ, Печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа зэпеуэм тIэунейрэ щытекIуащ, Хъуран Батий и цIэр зезыхьэ саугъэт нэхъыщхьэр къыхуагъэфэщащ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэр, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я щIыхь тхылъ куэд иIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналистщ.

Унагъуэщ. БыниплIрэ къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ иIэщ.

- «Адыгэ псалъэм» си гъащIэр пыщIа зэрыхъурэ илъэс куэд дэкIащ, ауэ нобi гум IэфIу илъщ а лъэхъэнэм абы щылажьэхэм я деж щыдгъуэта гулъытэр, набдзэгубдзаплъагъэр, лъагъуныгъэр. Уи лэжьыгъэм уфIэфIу уIухьэмэ, абы Iуэху щызэфIэпхрэ унагъуэм гукъыдэж уиIэу уекIуэлIэжмэ, ари насыпу къызолъытэ. Апхуэдэущ редакцэр дызэрызэхэтыр, дызэрыIыгъыу, лэжьыгъэкIи унагъуэкIи ди Iуэху зэрыщIэу. Аращ сыт щыгъуи щIыжысIэр «Адыгэ псалъэр» ди унагъуэм, си псэм и налъэхэм ящыщу.

Редактор ЩхьэщэмыщI Изэ

Хьэтуей къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр 2001 гъэм къиухащ. Апхуэдэуи абы щызригъэгъуэтащ журналист IэщIагъэри. 2018 гъэм абы къиухащ Москва и финанс-юридическэ академиер, «Къэрал муниципальнэ унафэ щIыкIэр» IэщIагъэр иIэу.

2001 гъэм лэжьэн щыщIидзащ «Адыгэ псалъэ» газетым, узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ къудамэм и унафэщIщ.

Изэ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

«Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэр 2014 гъэм къыфIащащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм, министерствэ зыбжанэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм я щIыхь тхылъхэр, УФ-м, КъБР-м я Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм я дипломхэр къратащ.

- «Адыгэ псалъэм» гъуэгуанэ купщIафIэ къызэпичащ, лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэр, къэралым, щIыналъэм я хъыбар гъэщIэгъуэнхэр цIыхубэм я деж нихьэсу. Илъэсищэм къриубыдэу газетым зэхъуэкIыныгъэ куэд къыщыхъуащ, ауэ и къалэн нэхъыщхьэр - дунейм щекIуэкI Iуэхухэр щIэджыкIакIуэхэм я деж нэхьэсыныр, лъэпкъым и цIыху гуащIафIэхэр жылагъуэм егъэцIыхуныр, жыпIэнурамэ, адыгэ лъэпкъым хуэлэжьэныр сытым деж еgъэзащIэ. И юбилейм адыгэ газетыр зыужьыныгъэфIхэр иIэу IущIащ. Ар щIыщыIэжыр адыгэ лъэпкъраци, ар нэхъыбэм зэIэпахыну, адэкIи и пщIэмрэ и щIыхьымрэ хэхъуэу и гъуэгу кIыхь хъуну си гуапэщ!



Редактор НэщIэпыджэ Замирэ

Къэхъун къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м «Филолог. СМИ-м и литературэ лэжьакIуэ» IэщIагъэр щызригъэгъуэтащ.

2002 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым лэжьэн щыщIидзащ. 2012 гъэ лъандэрэ политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ къудамэм и унафэщIщ. Ар якуэдрэ ятотхыхь хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм.

Илъэс куэд щIауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтщ, абы и тхьэмадэм и къуэдзэу лэжьащ, иджыпсту Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ.

УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. КъБР-м и Парламентым, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, ДАХ-м, КъБР-м и министерствэхэм я щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ, къыфIащащ «Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр.

- ДызыхэпсэукI зэманым лъэпкъыбзэкIэ къыдэкI газетым и къалэным, и мыхьэнэм куэдкIэ зихъуэжащ. Нобэ ар цIыхубэм я щIэныгъэм, щыIэныгъэм, зэпыщIэныгъэм хэзыгъахъуэ Iэмал гъуэзэджэщ. Адыгэ газетым лъэпкъыр щызыгъэIэ щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэр - бзэр - ехъумэ, литературэбзэ къабзэм и джакIуэу унагъуэхэм йохьэ, анэдэлъхубзэм и IэфIагъымрэ беягъымрэ цIыхубэм зыхащIэным толажьэ.

Редактор Истэпан Залинэ

Хьэтуей къуажэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетыр 2001 гъэм къиухри, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм лэжьэн щыщIидзащ.

Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым хэтщ.

Унагъуэщ, щхьэгъусэрэ бынитIрэ иIэщ.

- Илъэс 20-м щIигъуауэ сыщылажьэ газетыр сигу пыкIыу зэрысхъуэжын щыIэкъым, абы зы бэлыхькIэ срамыгъэзэмэ. Апхуэдэу щыжысIэр зы унагъуэм хуэдэу дызэкъуэту редакцэр зэрыщытым и закъуэкъым, уеблэмэ си IэнатIэр фIыщэу зэрыслъагъур аракъым нэхъыщхьэр. Псом ящхьэу къыхэзгъэщхьэхукIыр сызэрыадыгэр сщIэжу дунейм сытетынымкIэ абы къысхилъхьа гушхуэныгъэрщ. Адыгэбзэм сызэрыригупсысэр, сызэрырилажьэр, ар зэрызгъэлажьэр, уэрсэру, урысыбзэм нэхърэ нэхъыфIу адыгэбзэр зыщIэ си сабиитIым «ар фымыджми хъунущ» псалъэ мышыухэр зэи зэражезмыIар икIи си жьэм къызэрыжьэдэмыкIынур - ар псори щыслъагъур си IэнатIэм и дежщ.

Си гуапэщ илъэсищэ ныбжьым иджыри апхуэдиз къыхупищэну, си гур къызэрыдришейм хуэдэу щIалэгъуалэ куэд дяпэкIи «Адыгэ псалъэм» щыгушхуэну.

Корреспондент Чэрим Мариannэ

Хьэмидей къуажэм щыщщ. КъБКъУ-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр 1992 гъэм къиухащ.

«Адыгэ псалъэм» 2011 гъэм къыщыщIэдзауэ щолажьэ. «Махуэку», «Ислъамым и нур» къыдэкIыгъуэхэр егъэхьэзыр, дунейпсо щэнхабзэр ди лъэпкъым зэрыпыщIа къуэпсхэм тотхыхь. Мариannэ журналист Iэзэм и закъуэкъым - ар икIи тхакIуэщ, зэдзэкIакIуэщ. Литературэм нэхъ кууэ зэрызритрэ, Мариannэ романитI къыдигъэкIащ: «ЛIы иримыкъу» (2021), «Налшык губампIэ» (2023). Иджыблагъэ дунейм къытехьащ Ибсен Генрик и пьесэ «КъупщхьэгуащэуНэм» и адыгэбзэ зэдзэкIыгъэр. Тхылъеджэхэр фIыкIэ къыпэджэжащ абы и романхэм.

- Ди газетеджэхэм апхуэдизкIэ фIыуэ дыкъацIыхури, тхужымыIэу ди гум къинахэри, къытхудэмышеяхэри ди тхыгъэхэм кърахыф. Апхуэдэ гумащIагъ къызыбгъэдэкIынур фIыуэ укъэзылъагъум и закъуэщи, дэ Iэпхъуамбэкlэ зэдгъэзэхуа хьэрфхэр нэ гуапэкIэ къэзыщыпыж ди щIэджыкIакIуэхэм я гур «Адыгэ псалъэм» и къыдэкIыгъуэ къэс дэгъэгъэн Тхьэм ищI.

Редактор Шал Мухьэмэд

Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм 1948 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м къыщалъхуащ.

КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетыр къиухащ щIэтIысхьащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, ар Бахъсэн къыщыдэкIыу щыта «Коммунист» газетым уващ. ИужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом зэдзэкIакIуэу къащтащ икIи абы илъэситIкIэ щылэжьауэ, 1975 гъэм «Ленин гъуэгум» ирагъэблэгъащ.

Газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щытащ. Иджыпсту «Адыгэ псалъэм» и политикэ обозревателщ.

Мухьэмэд КъБР-м щIыхь зиIэ и журналистщ, куэдрэ ягъэпэжащ щIыхь тхылъхэмкIэ, саугъэтхэмкIэ.

- Илъэс 60 хъуащ сэ журналистикэм сызэрыхэтрэ, си япэ тхыгъэхэр школым сыщIэсу газетхэм къытехуэу зэрыщытар къэплъытэмэ. Ауэ зы махуи сыхущIегъуэжакъым а IэщIагъэр къызэрыхэсхам. СиIэ псори къызэзытар газетырщ, жызоIэ сэ куэдрэ икIи мыбы шылажьэхэр си Iыхьлыуэ фIэкIа къэслъытэркъым. Апхуэдэу щIыщытри ди зэхэтыкIэ дахэрщ. Сыхуейщ а щапхъэр къыткIэлъыкIуэ щIэблэхэми зэIэпахыну!

Редактор Уэрдокъуэ Женя

Дыгулыбгъуей къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къиухащ.

1974 гъэм къыщыщIэдзауэ газетым щолажьэ. УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

Женя КъШР-м щIыхь зиIэ и журналистщ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкI щIыхь дамыгъэр къыхуагъэфэщащ, КъБР-м и Правительствэм, СпортымкIэ и министерствэм, республикэм, УФ-м щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я щIыхь тхылъхэр къратащ.

- Дэтхэнэми езым и плъапIэхэр иIэжщ. ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ ипэкIэ къыхэсха IэщIагъэм, лэжьыгъэм си гъащIэ гъуэгур иунэтIащ. ПсэкIи гукIи сызыпыщIа «Адыгэ псалъэ» газетыр нэхъри ефIэкIуэну, сыт щыгъуи ди щIэджыкIакIуэхэр къыпэплъэну дыхуейщ. Дуней псор зэпызыщIэ Iэмалхэм нэхъри зауэ, ауэ лIэщIыгъуэ куэдкIэ пхъумэфынур тхылъымпIэм тетырщ. Си лэжьэгъухэми, ди щIэджыкIакIуэхэми сохъуэхъу «Адыгэ псалъэ» газетым и махуэшхуэмкIэ. Си гуапэщ я IэдакъэщIэкIхэм иригушхуэрэ я гур дыхэхъуэу, насыпыфIэу псэуну, гъащIэм гу щахуэну.



Редактор Къумахуэ Аслъэн

Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм 1957 къыщалъхуащ.

1979 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым физикэмкIэ и къудамэр къиухащ. Совет армэм офицеру илъэситIкIэ хэтащ. Курыт школхэм егъэджакIуэу, ГеофизикэмкIэ бгы лъагэ институтым инженер нэхъыжьу щылэжьащ.

1988 гъэм къыщыщIэдзауэ 1992 гъэм нэсыху республикэ радиом адыгэбзэмкIэ и къудамэм и корреспонденту щытащ.

2010 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэ» газетым щолажьэ, къудамэм и унафэщIщ. Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым хэтщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIыхь тхылъ къратащ.

Бынищи абыхэм къащIэхъуэжахэри иIэщ.

- Газетыр дунейм къызэрытехьэрэ илъэсищэ зэрырикъуамкIэ абы и лэжьакIуэхэм, ар зыхуей хуэзэу, купщIафIэу къыдэзыгъэкIхэм, ди щIэджыкIакIуэ псоми сохъуэхъу! И къыкIэлъыкIуэ илъэсищэ къыдэкIыгъуэр зылъагъун лъэпкъ адыгэхэр Тхьэшхуэм дищI!

Редактор Багъэтыр Луизэ

Курп Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ. 2011 гъэм КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къиухащ. А илъэсым щегъэжьауэ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспонденту мэлажьэ.

Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ социальнэ медиамрэ щылажьэхэм япэу яхуигъэува саугъэтыр. КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэхэм я щIыхь тхылъхэр иIэщ.

- Газетым хъыбарыщIэхэр «къиIуатэ» къудейкъым. Абы пщэрылъ зыщещIыж Iуэхугъуэ нэхъ куухэри: анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ хабзэмрэ хъумэным щегъэжьауэ адыгэхэр сыт хуэдэ щIыпIэ щымыIами зэпыщIауэ щигъэтыным щыщIэкIыжу. Абы къыхэкIыу мы Iуэхум щIэныгъэ уиIэ къудейкIэ улэжьыфынукъым, гурэ псэрэ хэплъхьэн хуейщ. Зи илъэси 100-р зыгъэлъапIэ къыдэкIыгъуэм сохъуэхъу апхуэдэ лэжьакIуэхэр куэду иIэу къэкIуэну и лIэщIыгъуэщIэм пищэну!



Корреспондент Хьэщыкъуей Олег

Бахъсэн щIыналъэм щыщ Ислъэмей къуажэм 1964 гъэм къыщалъхуащ. 1990 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер къиухащ. 1990 - 1999 гъэхэм абы щригъэджащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспонденту, къудамэм и унафэщIу 1999 - 2001 гъэхэм щытащ. 2001 - 2007 гъэхэм КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ и министерствэм щылэжьащ. ИужькIэ «Урысеймэкъумэшбанкым» и къудамэу КъБР-м и щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщIу илъэсихкIэ щытащ.

2023 гъэм «Адыгэ псалъэм» къигъэзэжащ.

2000 гъэм КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ и министерствэм и журналист саугъэтыр къиихьащ, 2003 гъэм сабийхэм я тхакIуэ нэхъыфIу къалъытащ.

УФ-м и Журналистхэми, ТхакIуэхэми я зэгухьэныгъэхэм хэтщ. Сабийхэм яхуотхэ, тхылъиплI къыдигъэкIащ.

Унагъуэщ, щхьэгъусэ, хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ иIэщ.

- ЩреIэ иджыри «Адыгэ псалъэр» илъэс минищэкIэ. АдыгэбзэкIэ тхэхэр ди куэду, ятхахэм яфIэгъэщIэгъуэну къеджэфхэр нэхъыбэжу илъэс куэдкIэ Тхьэм дигъэпсэу!

Корреспондент Жыласэ Замир

Москва къалэм 1985 гъэм къыщалъхуащ. Къэхъун курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр диплом плъыжькIэ къиухащ, иужькIэ аспирантурэр кърихьэлIащ.

2006 гъэм къыщыщIэдзауэ «Адыгэ псалъэ» газетым хъыбарегъащIэмрэ спортымкIэ и къудамэм и корреспондентщ. Республикэм и къулыкъущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам 2022 гъэ лъандэрэ ираджауэ щыIэщ, медалу 4 къыхуагъэфэщащ.

Унагъуэщ. Бынищ иIэщ.

- МГУ-м журналистикэмкIэ и факультетым си адэ-анэр щеджэу ди къэралым и къалащхьэм сыкъыщалъхуащ. Аращи, журналистыгъэр си натIэм кърихтауэ къыщIэкIынут.

Сыхуейт адыгэ лъэпкъыр дызэкъуэувэжарэ ди щхьэ и унафэ тщIыжу дунейм дытету слъагъуну, яхуэзэрымыгъэгъуэтрэ яфIэтелъыджэу зэIэпахыу къыдэдгъэкI газетым илъэсищэ куэд къигъэщIэну.

Корреспондент ТекIужь Заретэ

Аргудан къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щеджащ - 2005 гъэм бакалавриатыр, 2007 гъэм магистратурэр къиухащ, «Преподаватель Высшей школы» IэщIагъэр иIэу.

2009 гъэм къыщыщIэдзауэ «Адыгэ псалъэ» газетым щэнхабзэмкIэ и къудамэм щолажьэ. КъищынэмыщIауэ, республикэм и нэгъуэщI хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэми пыщIэныгъэ яхуиIэщ. УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

КъБР-м Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, нэгъуэщIхэми я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр къратащ.

- «Адыгэ псалъэ» газетым зиужьыну, ефIэкIуэну, дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми ихьэну, и щIэупщIэм хэхъуэну си гуапэщ! Бзэр лэжьэнымкIэ, анэдэлъхубзэр щIэблэм ящIэнымкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ди тхыгъэхэм газетеджэхэр къызэрыпэджэжыр уасэншэщ. Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми ди хъыбархэр зэхахынымкIэ IэмалыфIщ ди газетым и электрон къыдэкIыгъуэхэр.



Корреспондент Къаныкъуэ - Фырэ Анфисэ

Дыгулыбгъуей къуажэм 1984 гъэм къыщалъхуащ. 2001 гъэм 4-нэ курыт еджапIэр къиухри, КъБКъУ-м щIыуэпсыр хъумэнымкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Ар 2006 гъэм къиуха нэужь, еджэным химиемкIэ магистратурэм щыпищащ.

Магистратурэм щIэсу «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспонденту къащтэри, лэжьыгъэмрэ еджэнымрэ зэдихьащ. Фырэр УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. 2023 гъэм ЩIДАА-м и член-корреспонденту, 2024 гъэм КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хагъэхьащ, УМВД-м и Жылагъуэ советым хэтщ.

Анфисэ икIи тхакIуэщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Синэмис», «Хьэтхэр», «Япэрейхэр. Гуащэм и пшыналъэ» тхылъхэр.

Унагъуэщ, щхьэгъусэрэ быниплIрэ иIэщ.

- ЗэрымыщIэкIэ гъащIэ гъуэгуанэ, гъуазэ нэхъыщхьэ схуэхъуа «Адыгэ псалъэм» и фIыгъэкIэ зыхэсщIащ лъэпкъымрэ адыгэбзэмрэ я IэфIыр... ЩIэныгъэрщ лъабжьэ хуэхъуари си щыIэкIэпсэукIэм. Сыхуейт адыгэбзэкIэ псалъэу зы цIыху мы дунейм тетыху, ди газетри щыIэну, и пщIэр лъагэу, кIуэ пэтми зиужьу, ефIакIуэрэ щIэращIэу иджыри илъэсищэ куэд игъэлъэпIэну!

Газетым елэжь гуп зэкъуэтыр

Корреспондент Гугъуэт Заремэ

Каменномост къуажэм 1988 гъэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и факультетым и адыгэбзэ къудамэр къиухащ. 2012 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондентщ.

УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

Заремэ тхакIуэ Хьэх Сэфарбий и нэIэ щIэту лажьэу щыта «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и гъэсэнщ. Ар КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм 2019 гъэм хагъэхьащ. И усэхэм ящыщ итщ «КъудамэщIэ», «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъхэм. 2016 гъэм «Хьэуа Iубыгъуэ» и усэ тхылъыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ.

- Илъэсищэ гъуэгуанэр куэд мэхъу! Iуэхугъуэхэр, цIыхухэр, хъыбархэр бжыгъэншэу къытехутащ абы лъандэрэ адыгэ газетым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи - ди анэдэлъхубзэкIэ! «Адыгэ псалъэм» бзэр ихъумэу, щIэджыкIакIуэ пэжхэр иIэу, зэманым декIуу щыIэну сохъуахъуэ.

Корреспондент Табыщ Мурат

Зеикъуэ къуажэм 1980 гъэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и магистратурэр 2003 гъэм къиухащ икIи республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и аспирантурэм щIэтIысхьащ.

2003 - 2016 гъэхэм ар республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэу щытащ. 2016 - 2020 гъэхэм КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм Лъэпкъ щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI IэнатIэр ирихьэкIащ. 2020 гъэм къыщыщIэдзауэ «Адыгэ псалъэм» щолажьэ. Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

Табыщым и къыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, ДАХ-м, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм я щIыхь тхылъхэр.

Унагъуэщ, щхьэгъусэрэ щIалитIрэ иIэщ.

- «Адыгэ псалъэ» газетыр иужьрей илъэс тIощIырыпщIым адыгэ гъащIэм и дамыгъэ хъуащ, ар хэмыту щIы хъурейм щыпсэу адыгэхэр уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнукъым, я псэкупсэ лъапIэныгъэхэми утепсэлъыхьыфынукъым. «Адыгэ псалъэр» зыхущыIэ лъэпкъым хуэпсэуну, ефIэкIуэну, гъэ мин къигъэщIэну Тхьэм сольэIу!

Редактор Шафий Аслъэн

Бахъсэн куейм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1963 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м къыщалъхуащ. Жылэм дэт езанэ курыт школыр 1981 гъэм тху защIэкIэ къиухри КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и факультетым щIэтIысхьащ.

1982 - 1984 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIэри, и еджэным университетым щыпищэжащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал радиом илъэс 13-кIэ, телевиденэм илъэсипщIкIэ редактору щылэжьащ.

Къэралым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм 1988 гъэ лъандэрэ хэтщ.

ИлъэситI хъуауэ «Адыгэ псалъэ» газетым экономикэмрэ къуажэ гъащIэмкIэ и къудамэм редактору щолажьэ.

- «Адыгэ псалъэм» щылажьэхэми абы еджэхэми сохъуэхъу ди лъэпкъ газетыр илъэсищэ зэрырикъуамкIэ. Гупым щыщхэм я мурадхэр къехъулIэу, езыхэр узыншэу, гукъеуэншэу псэуну си гуапэщ.

КъыдэзыгъэкI редактор Хьэхъужь Иринэ

Налшык къалэм къыщалъхуащ. Къалащхьэм дэт 25-нэ курыт еджапIэ нэужьым экономикэмрэ информацэ технологиехэмкIэ колледжыр къиухащ. 2001 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэм» щолажьэ. Бухгалтер нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ щытащ, иджыпсту къыдэзыгъэкI редакторым и къалэныр егъэзащIэ.

Иринэ и цIэр фIыкIэ куэдрэ къыщраIуащ, саугъэтхэр къыщыхуагъэфэщащ редакцэми республикэм и нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми. И лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу абы къратахэм ящыщщ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъыр.

Унагъуэщ, щхьэгъусэ, пхъу, пхъурылъхухэр иIэщ.

- Газетым фIэщыгъэ хуащIа «Адыгэ псалъэм» и купщIэм хуэкIуэпсу къыдокI ар. Адыгэм и псалъэщ, адыгэм хуэгъэза псалъэщ абы къытехуэ дэтхэнэ сатырри. Сыхуейщ адыгэм и псалъэ дяпэкIи куэдрэ Iуну, тхылъымпIэм тету зэIэпахыну. Дэрщи, абы папщIэ тхузэфIэкI тщIэнщ. Сыт щыIэ лъэпкъым ухуэщхьэпэу, цIыхухэр къыпхуэарэзыуэ улэжьэн, узэщыгуфIыкIыу упсэун нэхърэ нэхъыфI?!

КъыдэзыгъэкI редактор Джатокъуэ Залинэ

Шытхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м социальнэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр щагъэхьэзыр и факультетыр 2013 гъэм къиухащ.

Залинэ лэжьэн щыщIидзар «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэрщ - тхыгъэхэр тридзэу, журналыр компьютеркIэ зэхигъэувэу илъэс зыбжанэкIэ абы щыIащ.

2010 гъэм Залинэ «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм къэкIуащ. 2016 гъэм ар ягъэуващ газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэу. ЩIыхь, фIыщIэ тхылъхэр къратащ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и фIыщIэ тхылъыр, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъыр.

Унагъуэщ, щхьэгъусэрэ бынитIрэ иIэщ.

- Газетым нобэ щылажьэхэм ди гъуазэщ ди нэхъыжьыфIхэм ядэтлъэгъуа хабзэр, зэхэтыкIэ дахэр. А щапхъэм дытету, ди фIыр дгъэлъапIэу, дызэгурыIуэу дыкъыззэдокIуэкI. Си лэжьэгъухэми ди газетыр зыIэрыхьэхэми сохъуэхъу гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ щымыщIэну, я гугъэмрэ гъащIэмрэ зэтехуэу псэуну.

КъыдэзыгъэкI редактор Джатокъуэ Марьянэ

Шытхьэлэ къуажэм 1992 гъэм къыщалъхуащ. 2009 гъэм курыт школыр къиухри, Налшык дэт коммунальнэ-ухуакIуэ колледжым щеджащ. Ар къиуха нэужь, КъБКъУ-м щIэтIысхьэри, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ - абы и бакалавриатыр 2014 гъэм, магистратурэр 2016 гъэм къиухащ, туризм IэнатIэм щылэжьэну хуит зыщI IэщIагъэр иIэу.

2019 гъэм къыщыщIэдзауэ Марьянэ «Адыгэ псалъэм» жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу щолажьэ.

- Газет напэкIуэцIыр зэхэгъэувэн лэжьыгъэр изогъэщхь унэр чырбыш зырызу зэрызэтралъхьэм - зэгъэкIуауэ, зыщIыпIэ дежи къыпылеикI щымыIэу, нэхъ екIу зэрыхъуным елIалIэу зэращIым. ИкъукIэ гъэщIэгъуэнщ ди лэжьыгъэр. Ди гупырщи, республикэ псом щапхъэу щыбгъэлъагъуэ хъуну къызолъытэ. Щхьэщытхъугъэу къызыщыхъун щыIэнри зыхуэIуа щыIэкъым, ауэ зэрыщытыр аращ. Ди анэдэлъхубзэр шэрыуэу, дахэу зыгъэлажьэ, щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ защIэщ хэтхэри. Сыхуейщ си лэжьэгъу псоми я хъуэпсапIэхэр къехъулIэну, «Адыгэ псалъэри» нэхъри ефIакIуэу иджыри илъэсищэ куэдкIэ лъэпкъым хуэлэжьэну.

Корректор Щоджэн Иннэ

Шэджэм Езанэ къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт еджапIэр къиухри, 1982 гъэм ар КъБКъУ-м и филологие факультетым щIэтIысхьащ. 1986 гъэм ар къиухащ, филологым къыдэкIуэу, журналист IэщIагъэри зригъэгъуэтауэ.

1986 гъэм щегъэжьауэ газетым щолажьэ. Ар УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

Илъэс куэд хъуауэ лэжьыгъитI зэдехь Иннэ - ар Шэджэм щIыналъэм и администрацэм къыдигъэкI «Голос Чегема» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэщ.

Щоджэныр мызэ-мытIэу ягъэлъэпIащ - КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъыр кърататщ, къыхуагъэфэщащ КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэмкIэ и министерствэм, КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ и къэрал комитетым, Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и администрацэм я щIыхь тхылъхэр.

- Нобэ дгъэлъапIэ илъэсищэ гъуэгуанэм щыщу 38-р къыдэскIуащ лъэпкъ газетым. А зэман мымащIэм къриубыдэу цIыху гуащIафIэ куэдым, журналист, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэм садэлэжьащ. Нобэ мы махуэшхуэмкIэ сехъуэхъуну сыхуейщ ди гупым хэт псоми, илъэс блэкIахэм абы и зыужьыныгъэм зи гуащIэ хэзылъхьахэми, ди щIэджыкIакIуэхэми.

Газетым епха Iуэхухэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ, махуэ къэс щIэ гуэр къыбощIэ. Дэ тщыщ дэтхэнэри хущIокъу анэдэлъхуу Алыхьым къытIурилъхьа бзэм и дахагъыр ди напэкIуэцIхэм къытехуэ сыт хуэдэ хъыбарми щызыхэфщIэу, ди къыдэкIыгъуэхэм фыхуэпIащIэу фыкъыддэгъуэгурыкIуэну. ГъащIэ кIыхь ухъу, «Адыгэ псалъэ»!



Корректор ЩОДЖЭН Заирэ

Шэджэм Езанэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы дэт курыт еджапIэр 1993 гъэм къиухри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. А илъэс дыдэм «Адыгэ псалъэ» газетым къэуващ корректорым и дэIэпыкъуэгъуу.

Зэрылажьэм хуэдэурэ 1999 гъэм къиухащ абы еджапIэ нэхъыщхьэр.

Абы кърататщ Урысейм ис Адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я союзым къыбгъэдэкI щытхъу тхылъхэр, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр.

- Уи псэм фIэфI Iуэху пщIэныр насыпу къызолъытэ. АтIэми, ди анэдэлъхубзэр си псэм хэлъщ. А гурыщIэрщ мы газетым сыкъэзышари. СыщогуфIыкI илъэс щэщI хъуауэ «Адыгэ псалъэм» сызэрыщылажьэм, абы и къыдэкIыгъуэ миниблым щIигъум си гуащIэ зэрыхэслъхьэфам. Псом хуэмыдэу срогушхуэ нобэрей къыдэкIыгъуэм - газетыр илъэсищэ зэрырикъум и щIыхькIэ къыдэдгъэкIым - сэри селэжьыну къызэрысхуихуам. Газетым щылажьэхэми абы еджэхэми си гуапэу сохъуэхъу мурадыфIу ящIыр къайхъулIэну, узыншэу куэдрэ псэуну!

Корректор Нэужьокъуэ Заирэ

Старэ Шэрэдж къуажэм 1983 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэр къиухащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу илъэсищкIэ лэжьащ. 2007 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуу къэуващ, иужькIэ корректор хъуащ.

Унагъуэщ: щхьэгъусэрэ пхъурэ иIэщ.

- «Адыгэ псалъэр» илъэсищэ зэрырикъумкIэ сехъуэхъуну сыхуейт газетыр тэмэму, гъэхуауэ, зыхуей хуэзауэ къыдэзыгъэкIхэми ар зыIэрыхьэхэми. Узыншагъэ быдэ яIэу, я унагъуэм берычэтыр имыкIыу, я мурадхэр къехъулIэу гъащIэ дахэ, кIыхь къагъэщIэну си гуапэщ. Дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми «Адыгэ псалъэ» газетыр ди Iэпэгъуу щытыху ди бзэр ди щIэблэми ящыгъупщэнкъым.



Корректор Елмэс ФатIимэ

Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Къызбрун ЕтIуанэ къуажэм къыщалъхуащ.

КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмкIэ и къудамэр къиуха нэужь, аспирантурэм щIэтIысхьащ. Ар 2016 гъэм къиухащ. «Адыгэ псалъэ» газетым 2011 гъэ лъандэрэ щолажьэ.

Унагъуэщ, щхьэгъусэрэ пхъуитIрэ иIэщ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

- Газетым и лэжьакIуэхэм сохъуэхъу дунейр мамыру, я IэщIагъэм гухэхъуэгъуэ къарита псэуну, унагъуэ къэс узыншагъэрэ гуфIэгъуэрэ, мамырыгъэ илъыну!

Сурэттех-дизайнер Бицу Жаннэ

Къэхъун къуажэм къыщалъхуащ. 1988 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым математикэмкIэ и факультетым щIэтIысхьащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь 1993 - 1995 гъэхэм «УхуакIуэ» лицейм егъэджакIуэу, кадрхэмкIэ къудамэм и унафэщIу лэжьащ. 1995 - 1998 гъэхэм ар щыIащ Республикэ газет-журнал издательствэм. 1998 гъэм къыщыщIэдзауэ «Адыгэ псалъэ» газетым щолажьэ. УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

Бицур газетым и Интернет IэнатIэм и унафэщIу щытащ, газетым къытехуэ сурэтхэр зыхуей хуэгъэзэн къалэныр зи пщэ илъыр аращ икIи а лэжьыгъэм хъарзынэу йохъулIэ. Апхуэдэу абы зэхегъэувэ газетым и «Малъхъэдис», «ЦIыкIураш» напэкIуэцIхэм къытехуэ псалъэзэблэдзхэр.

Жаннэ къыхуагъэфэщащ Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр.

- «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэси 100 ирокъу. А гъуэгуанэр абы къызэринэкIащ зыужьыныгъэфIхэр иIэу. Лъэпкъ газетым сыхуохъуахъуэ адэкIи ефIакIуэу, и щIэджыкIакIуэхэм къахэхъуэу къыдэкIыну!



Сурэттех Къарей Элинэ

Налшык къалэм 1984 гъэм къыщалъхуащ. Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым Кинорэ телевиденэмкIэ и режиссурэ къудамэр къиухащ.

2007 гъэм къыщыщIэдзауэ «Адыгэ псалъэ» газетым и фотокорреспондентщ. 2012 гъэм и щэкIуэгъуэм щегъэжьауэ 2013 гъэм и дыгъэгъазэ пщIондэ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и фотокорреспонденту лэжьащ, 2014 гъэм - «Советская молодежь» газетым а и къудамэм щыIащ.

Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

Абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъыр, КъБР-м и МВД-м, ЩэнхабзэмкIэ, ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэхэм я щIыхь тхылъхэр, Абхъаз Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министерствэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэ зыбжанэм я щIыхь тхылъхэр, дамыгъэ лъапIэхэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэмкIэ къыщыдэкI газет закъуэм лIэщIыгъуэ тхыдэ къызэрикIуар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ. Абы си лэжьыгъэкIэ сызэрыпыщIам, и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ гуэр зэрысхуэщIым, шэч хэмылъу, сегъэгушхуэ. Дыщогугъ газетыр адэкIи ефIакIуэу илъэс куэдкIэ къыдэкIыну.

Тхыгъэхэр компьютеркIэ тезыдзэ Дэхъу Эммэ

Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ.

Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Налшык дэт фэ-галантерей фабрикэм, республикэ типографием щылэжьащ. ИужькIэ «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым къэуващ. Курьеру, корректорым и дэIэпыкъуэгъуу, машинисткэу лэжьащ.

Егугъуу зэрылажьэм папщIэ газетым и унафэщIхэм гулъытэ мызэу къыхуащIащ.

Унагъуэщ, хъыджэбзитIрэ пхъурылъхухэмрэ иIэщ.

- АдыгэбзэкIэ ди республикэм къыщыдэкI газет закъуэр и чэзум тэмэму цIыхухэм яIэрыхьэным елэжьхэм сазэрыщыщым срогушхуэ. Дунейр мамыру, ди щIэблэм я гуфIэгъуэ тлъагъуу, ди лэжьыгъэм гукъыдэж къыдиту куэдрэ зэхэтын гуп узыншэ Тхьэм дищI! Газетым и юбилей куэд адыгэ лъэпкъым игъэлъэпIэну си гуапэщ.

ЭВМ-м и оператор Ныр Саидэ

Налшык къалэм къыщалъхуащ. Къалащхьэм дэт курыт школ №1-р иужькIэ Технологие техникумыр къиухащ, инженер-технолог IэщIагъэр иIэу. Налшык, Бахъсэн дэт ахъшэ хъумапIэ банкхэм щылэжьащ.

1996 гъэм къыщыщIэдзауэ «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щыIэщ. И лэжьыгъэфIым папщIэ мызэмытIэу ягъэлъэпIащ, саугъэтхэр къыхуагъэфэщащ.

Унагъуэщ: щхьэгъусэрэ бынищрэ иIэщ.

- Я хьэл-щэнкIи, я дуней тетыкIэкIи щапхъэу ягъэлъагъуэм хуэдэщ ди гупыт хэтхэм я нэхъыбапIэр. Апхуэдэ ущрихьэлIэр зэзэмызэххэщ, аращи, си насып къикIауэ къызолъытэ апхуэдэ гуп сызэрыщылажьэмкIэ. Нобэрей ди махуэшхуэмкIэ абыхэм ящыщ дэтхэнэми сохъуэхъу. Ди нэхъыжьыфIхэм я IуэхущIафэ дахэхэр тщымыгъупщэу, унагъуэкIи лэжьыгъэкIи гукъеуэ димыIэу Тхьэм дигъэпсэу!

ЭВМ-м и оператор Дол Маринэ

Налшык къалэм къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием щIэтIысхьэри, агроном IэщIагъэр иIэу ар 1992 гъэм къиухащ.

ИужькIэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и «Мэкъумэштехникэ» IуэхущIапIэм щылэжьащ. 2002 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым къэуващ икIи абы лъандэрэ газетыр компьютеркIэ щызэпкъралъхьэ и къудамэм щыIэщ.

И IэнатIэр зыхуей зэрыхуигъазэр, компьютерым и зэфIэкI псори Iэзэу къызэригъэсэбэпыфыр къалъытэурэ Маринэ куэдрэ ягъэлъэпIащ саугъэтхэмкIэ, фIыщIэ тхылъхэмкIэ.

Унагъуэщ, пхъуитIрэ пхъурылъхухэмрэ иIэщ.

- АдыгэбзэкIэ къыдэкI газетым сызэрыщылажьэм си щхьэр лъагэу сегъэлъагъуж. Къэгъуэтыгъуейщ мыпхуэдэ гуп - псори я анэдэлъхубзэм ирипсалъэу, ирилажьэу, иригушыIэу. Зы унагъуэм хуэдэу зэкъуэту: зым и гуфIэгъуэм адрейм и гур дыхэхъуэу, нэщхъеягъуэ зыгуэрым къылъыкъуэкIамэ, ари зэрыдагъэпсынщIэным хэту. Ди деж хьэкъ щыпщохъу ди бзэм и лъэщагъыр. Си гуапэщ «Адыгэ псалъэм» и пщIэм нэхъри хэхъуэу дяпэкIи къыдэкIыну.

ЭВМ-м и оператор Щомахуэ Мариаиннэ

Налшык къалэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр и филологие къудамэр къиухащ.

1994 гъэм къыщыщIэдзауэ «Адыгэ псалъэ» газетым щолажьэ. Редактор нэхъыщхьэм и секретарь-Iуэхузехьэу, письмохэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэу щытащ. Иджыпсту газетым и компьютер къудамэм и лэжьакIуэщ.

Унагъуэщ, щхьэгъусэрэ пхъурэ иIэщ.

- Нобэ къыдэдгъэкI «Адыгэ псалъэм» щымыгуфIыкIын адыгэ дунейм тету си гугъэкъым. Езым и бзэкIэ илъэсищэ хъуауэ къыдэкI газет лъэпкъым зэриIэм уримыгушхуэн плъэкIыну?! Дэнэ щыIэ адыгэри зэришалIэу, я гурыгъу-гурыщIэхэр къыщаIуатэу апхуэдэщ ди газетыр. Си лэжьэгъухэми си лъэпкъэгъу псоми сохъуэхъу а фIыгъуэ мылъытэр иджыри илъэсищэ куэдкIэ ди щIэблэхэм къадекIуэкIыну.

ЭВМ-м и оператор Къуэдзокъуэ Анжелэ

1984 гъэм Аргудан къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэм дэт курыт еджапIэр 2002 гъэм къиухри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ факультетым щIэтIысхьащ.

Зэреджэм хуэдэурэ а - илъэс дыдэм «Адыгэ псалъэ» газетым и компьютер IэнатIэм къэувауэ, нобэр къыздэсым щолажьэ.

Унагъуэщ, щхьэгъусэрэ бынитIрэ иIэщ.

- Ди деж щылажьэ псоми газетыр ди етIуанэ унэу къыщIэтлъытэм щхьэусыгъуэ иIэщ. Уи ерыскъы щызэIулъыр, уи Iуэху еплъыкIэхэмкIэ ущызэхъуажэр, уи гуныкъуэгъуэм къыпхуедаIуэу хэкIыпIэ къыщыпхуалъыхъуэр, уи гуфIэгъуэр щыбдаIэтыр уи унагъуэкъэ-тIэ?! Апхуэдэу дызэхуэгумащIэщ «Адыгэ псалъэм» щылажьэхэр икIи дэтхэнэми сохъуэхъу насыпыфIэу, узыншагъэ быдэ яIэу, зыхуейм лъэIэсыфу псэуну!

Секретарь-Iуэхузехьэ Дзыгъул Ланэ

Джэрмэншык къуажэм 1987 гъэм дунейм къыщытехьащ. КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэр 2011 гъэм къиухри, егъэджакIуэу лэжьащ. НэгъуэщI IэнатIэ зыбжани зэрихъуэкIащ. 2015 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэ» газетым щолажьэ.

И IэнатIэм зэрегугъум папщIэ газетым и унафэщIхэм мызэ-мытIэу ягъэпэжащ, фIыщIэ тхылъхэр кърататщ.

- Мы гупым сакъызэрыхыхьэрэ илъэсипщIым нэблэгъащи, а зэманым къриубыдэу зы махуи сыхущIегъуэжакъым газетыр лэжьапIэ зэрысщIам. Махуэ къэс щIэ гуэр къасщIэу, сыдихьэхыу сыкъокIуэ. Си лэжьэгъухэр цIыху гуапэхэщ, уадекIуэкIыну тыншщ. «Зым Iэпыхур адрейм къищтэжу» жыхуаIэм хуэдэу дызэрыIыгъщ. Сыхуейщ адэкIи дызэкIэрымыхуу, узыншагъэ диIэу дызэдэлэжьэну, ди «Адыгэ псалъэ» газетыр куэдрэ иджыри ипэкIэ кIуатэу къыдэкIыну.



Машинэзехуэ Соблыр Хьэсэнбий

1968 гъэм Щхьэлыкъуэ къуажэм дунейм къыщытехьащ. Жылэм дэт школыр къиуха нэужь, Афганистаным дзэ къулыкъур щрихьэкIащ, «Хахуагъэм папщIэ» медалитI кърататщ. КъищынэмыщIауэ, къыхуагъэфэщащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъ.

Дзэ къулыкъур къиуха нэужь, КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэт хабзэхъумэ къудамэм уври, IэнатIэхъуэж имыщIу, илъэс 30-кIэ щылэжьащ. ЗэрытIысыжрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и машинэзехуэу мэлажьэ.

Унагъуэ дахэу мэпсэу, сабиищым я адэ гумащIэщ.

- «Адыгэ псалъэр» игъащIэ лъандэм ди лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэри бзыпхъэри ихъумэу къогъуэгурыкIуэри, иджыри илъэсищэкIэ абы тетын Тхьэм ищI, дэтхэнэ унагъуэми гуапэу щрагъэблагъэрэ Iущыгъэ кърахыу. КъытщIэупщIэр куэду, дыкъызыгурыIуэр нэхъыбэжу, етIуанэ илъэсищэм газетым и пщIэр нэхъри Тхьэм хиугъахъуэ.

Ди юбилейхэр

ЩIыхьыцIэ зыхуагъэфэщахэр

Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ

Къэрмокъуэ Мухьэмэд Мухьэжид и къуэр
Кхъуэlуфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр
Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр
Мырзэкъан Суфян Жамболэт и къуэр
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъ

Емыш Хьэдис Дулэхь и къуэр
Къумахуэ Аслъэн СултIан и къуэр
Мыкъуэжь Анатолэ Хьэбалэ и къуэр
Тэнащ Анатолэ Мухьэдин и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист

Жыласэ Заурбэч Щэлэуат и къуэр
Жыласэ Маритэ Тамбий и пхъур
ЖьэкIэмыхъу Маринэ Музарин и пхъур
Къаныкъуэ Заринэ Сэлэдулэ и пхъур
Къэзанш Людмилэ Борис и пхъур
Мамий Руслан Хьэзрэlил и къуэр
Уэрыш Нурхьэлий Хъызыр и къуэр
Хьэжыкъарэ Алик Алий и къуэр
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр
Шал Мухьэмэд Къасым и къуэр
Ширдий Маринэ Хьэжумэд и пхъур
Щомахуэ Владимир Алексей и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ

Апажэ Назир Жамырзэ и къуэр
Бекъан Чыланий Машэ и къуэр
Бекъул Токъан Мацу и къуэр
Джэрыджэ Арсен Хьэнахъуэ и къуэр
Джэлэс Таужид Бэтмырзэ и къуэр
Джаурджий Iэбисал Улэ и къуэр
Елгъэр Кашиф Мысост и къуэр
Къагъырмэс Борис Хьид и къуэр
Къэрмокъуэ Мухьэмэд Мухьэжид и къуэр
Къэрмокъуэ Хьэмид Гъузер и къуэр
Мамбэт СэIэдулэ Мыхьэмэт и къуэр
Мырзэкъан Суфян Жамболэт и къуэр
ТIымыжь Хьэмыщэ Тэркъан и къуэр
Тхьэмокъуэ Барэсбий Гъумар и къуэр
Хьэх Сэфарбий Хьид и къуэр
ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ ТIру и къуэр
Шыбзыхъуэ Мухьэдин Хьэмырзэ и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ

Журт Биберд Къумыкъу и къуэр

Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист

Бэрбэч Зубер Iэуес и къуэр
Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр
НэщIэпыджэ Замирэ Лиуан и пхъур
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр
ЩхьэщэмыщI Изэ Барэсбий и пхъур

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналист

Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр
Уэрдокъуэ Женя Мурзэкъан и пхъур
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ

Къэмбэчокъуэ Iэдэм Муштэхьид и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ

Елгъэр Кашиф Мысост и къуэр
Къагъырмэс Борис Хьид и къуэр
ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ ТIру и къуэр

Адыгэу дунейм тетыр зэпыдощIэ

Дэ дызыхэпсэукI зэманым газетым и къалэныр, и мыхьэнэм куэдкIэ зихъуэжащ. Нэхъапэм ар цIыхухэм хъыбар зэрырагъащIэ Iэмал закъуэу щытамэ, нобэ а пщэрылъыр Интернетым хуригъэкIуэтэкIри, цIыхубэм я щIэныгъэм, щыIэныгъэм, зэпыщIэныгъэм хэзыгъахъуэ Iэмал гъуэзэджэ хъуащ. Псом хуэмыдэу лъэпкъыбзэкIэ къыдэкI газетхэрщ иджыпсту гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэри, зи къыдэкIыгъуэхэм егугъупхъэри. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы лъэпкъыр щызыгъэIэ щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэр - бзэр - ехъумэ, литературэбзэ къабзэм и джакIуэу унагъуэхэм йохьэ, анэдэлъхубзэм и IэфIагъымрэ беягъымрэ сыт хуэдэ IэщIагъэ пэрыт цIыхуми, сабийми зыхащIэным телажьэ зэпыту махуэ къэс дунейм къытохьэ.

«АДЫГЭ псалъэ» газетыр къапщтэмэ, адыгэбзэкIэ хъыбархэр зэрызэбгригъэхым, бзэм и хъумакIуэ пажэу дызэриIэм, зи гугъу сщIа къалэнхэр игъэзащIэу къызэрыгъуэгурыкIуэм нэмыщI, сэ и гугъу сщIыну сыхуейщ абы дунейм адыгэу тетыр зэрызэпищIэм. Абы теухуа япэ лъэбакъуэр илъэс 40 ипэ ячауэ щытащ газетым щылэжьахэм. А зэманым къигъэувырт гъащIэм зэкъуиуда лъэпкъыр зэрызэрыцIыхужын Iуэху гуэрхэр лэжьын хуейуэ. Илъэс 14-кIэ «Адыгэ псалъэ» («Ленин гъуэгу») газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта Мэзыхьэ Борис и жэрдэмкIэ къыхилъхьэщ, ар Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкI «Ленин нурым» и редактор нэхъыщхьэ Къардэн Мухьэмэд, АР-м къыщыдэкI «Социалистическэ Адыгей» газетым и унафэщI Мэрэтыкъуэ Рэмэзан сымэ къыдаIыгъри, мазищ къэс зэ къыдэкIыгъуэ зэхэт ягъэхьэзыру хуежьащ.

Зэрагугъам нэхърэ нэхъ лъэщу къыщIэкIащ кърахьэжьа Iуэхур цIыхухэм къазэрыщыхъуар. Псом жаIэми зы лъэIу хэтт: номер зэхэтхэр дяпэкIи къыдэвгъэкI!

Арати, япэ журналист зэIущIэхэр республикищым чэзууэ щрагъэкIуэкI хъуащ. Абыхэм, адыгэбзэкIэ къыдэкI газетхэм я лэжьакIуэхэм я мызакъуэу, республикэхэм, районхэм я унафэщIхэри, тхакIуэхэри къахыхьэрт. ИгъащIэм зэрымылъэгъуауэ зэхуэзэжа зэкъуэшхэр апхуэдизу гуапэу, IэплIэешэкIкIэ зэIущIэхэрти, пщIэнтэкъым абыхэм ящыщ куэдыр зэгуэр зэрымыцIыхуххэу щытауэ.

Абы лъандэрэ номер зэхэтхэм нэхъ гъунэгъу зэхуищIащ республикэхэм щыпсэу адыгэхэр, ахэр зэкIэщIэчауэ псэуми, зы лъэпкъыу зэрыщытыр ягу къигъэкIыжащ, зэкъуэувэжын зэрыхуейр ягу ирилъхьащ. Адыгэ тхыдэр джыным, адыгэбзэм зиузэщIыжыным, хэкуищым я социально-экономикэ щытыкIэм, гъащIэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыхэжаныкIа цIыхухэм щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ щIынымкIэ газетхэм зэфIагъэкIым и мыхьэнэр здынэсыр нобэкIэ къэхутэгъуейщ.

Мы Iуэху щхьэпэм и псыпэр езышэжьахэм ящыщу къыхэгъэщыпхъэщ, Мэзыхьэ Борис зэрытхыжымкIэ, езыр я пашэу, Кхъуэlуфэ Хьэчим, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, ТIымыжь Хьэмыщэ, Брай Адэлбий, Уэрыш Нурхьэлий, Уэрдокъуэ Женя, ЖьэкIэмыхъу Маринэ («Адыгэ псалъэ»), ди къуэш республикэхэм щылэжьа журналистхэу Мэрэтыкъуэ Рэмэзан, ХьэщIэмыз Биболэт, БрантIы Казбек («Адыгэ макъ»), Къардэн Мухьэмэд, Дэбагъуэ Мухьэмэд, Шорэ Ахьмэд, Къантемыр Тыркубий («Черкес хэку») сымэ.

Зи гугъу тщIы зэдэлэжьэныгъэм зиубгъу фIэкIа, зы илъэси зэпамыгъэуауэ номер зэхэтхэр мазищ къэс зэ къыщыдокI Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм. Мы Iуэхум хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ илъэс 24-кIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и вице-президент ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Республикищым къызэдаштэ Iуэхум нэхъри зригъэужьри, абы къыдэкIыгъуэ зэхэтхэм къахигъэхьащ хы ФIыцIэ Iуфэм щыпсэу шапсыгъхэм я деж, Краснодар крайм, къыщыдэкI «Шапсугия» газетымрэ Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм Истамбыл къыщыдагъэкI «Жьынэпс» газетымрэ, зыбжанэрэ мы Iуэхум хэтащ Абхъазым къыщыдэкI «Апсны», КъШР-м щыIэ «Абазашта» газетхэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, адыгэр щыпсэу хамэ щIыпIэхэми дальэIэс, дапщIа хъуащ.

А зэпыщIэныгъэм IэмалыщIэхэр къыхуагъэсэбэпу щIадзащ иужькIи. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и жэрдэмкIэ, 2007 гъэм, бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэм дунейр щыхуэкIуэм, «Адыгэ псалъэм» псом япэ сайт къызэригъэпэщауэ щытащ. Абы и фIыгъэкIэ хэкум къыщыдэкI адыгэ газетым еджэфырт дэнэ щыпсэу адыгэри. Зэ текъузэгъуэкIэ лъэпкъ газетым и архив къулейм узыхуейр къыщыщIэбгъэщырт, дунейм и сыт хуэдэ щIыпIэм щыIэми, нобэ къыдэкIа «Адыгэ псалъэм» къыщеджэрт, зыхуей тхыгъэр тыншу кърахыфырт. Ар хуабжьу къыщагъэсэбэпырт анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэми. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зи гугъу тщIы сайтыр зэхуащIыжащ, абы къыщIэупщIэри, хуэныкъуэри зэрыкуэдым, дунейм зэрызиужьым емылъытауэ.

- Мэзыхьэ Борис иригъэжьа Iуэху дахэм ипэ дыдэм щыщIэдзауэ сыхэтащ, абы номер зэхэт 27-рэ къыдигъэкIауэ сэ къулыкъум сыпэрыхьати, номери 105-м щIигъу къыдэзгъэкIащ, - къыддогуашэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. - Нэхъапэм тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ зэхъуажэу щытамэ, сэ къыдэкIыгъуэ къэс зы Iуэхугъуэ хэха гуэрым тезухуэрт. Апхуэдэу номер зэхэтхэр дунейм къытехьащ адыгэ тхыдэм, истамбылакIуэм, щэнхабзэм и цIыху пажэхэм, адыгэ лIакъуэ пщыкIутIым, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм къахэкIа цIыху цIэрыIуэхэм, адыгэ къуажэ ехьэжьахэм, убыххэм, Израилым, Сирием, Иорданием, Тыркум щыщ ди лъэпкъэгъухэм я щыIэкIэпсэукIэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм, гъуазджэм и цIыху телъыджэхэм, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм, Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэм, Зауэм и ЛIыхъужьхэм, Адыгэбзэм и махуэм, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфIхэм ятеухуауэ. НапэкIуэцI 12 - 16 хъу номер 20-м нэс къыдэдгъэкIащ - Къалмыкъ Юрэ, МэшбащIэ Исхьэкъ, Темыркъан Юрэ, Нало Ахьмэдхъан, Нало Заур, КъардэнгъущI Зырамыку, Къэшэж Иннэ, КIуэкIуэ Валерэ, ЩоджэнцIыкIу Алий (нап 32-рэ), КIыщокъуэ Алим, Шемякин Къардэн Михаил, Омер Сейфетдин, IутIыж Борис, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэ ятеухуауэ.

«Номер зэхэтхэр къыдэгъэкIыным дяпэкIи пыщэн хуейщ, адыгэр зэрыубыдыжыныр ди щIасэмэ», - жиIат Мэзыхьэ Борис. Апхуэдэ гурылъ дэтхэнэ зыми зэриIэм щыхьэт тохъуэ нобэр къыздэсым а лэжьыгъэм къызэрыпащэм. Къыпащэ къудей мыхъуу, нэхъри зэрызрагъэужьым и щыхьэтщ мы гъэм яча лъэбакъуэщIэр. Газетищым я журналистхэр хэгъэгухэм чэзууэ ягъакIуэурэ тхьэмахуэкIэ щагъэлэжьэну, гъунэгъу республикэхэм ис зэкъуэшхэм я щыIэкIэ-псэукIэр зыхуэдэм нэрылъагъуу зыщагъэгъуазэурэ щхьэж и газетым хъыбархэр къытридзэжыну зэгурыIуащ редакцэхэр. Налшык къалэ щекIуэкIа зи чэзу зэхуэсым апхуэдэ гупсысэ хьэлэмэтыр къыщыхилъхьащ «Адыгэ псалъэ» газетым и журналист пажэхэм ящыщ Чэрим Марианнэ.

«Журналист зэдэлэжьэныгъэ» проектым и япэ зэIущIэгъуэр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, «Черкес хэку» редакцэм къыщыщIэддзащ, редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ дригъэблагъэри.

ТхьэмахуэкIэ дыщылэжьащ къуэш редакцэм, зэдгъэцIыхуащ КъШР-м ис цIыху цIэрыIуэхэмрэ IэщIэлъапщIэхэмрэ, щIэныгъэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, псэукIэм зезыгъэужь ди лъэпкъэгъухэм дахуэзащ. КъШР-м и къалащхьэми, адыгэ нэхъыбэ зыдэс жылэхэми дыщыIащ а махуэ бжыгъэм къриубыдэу, куэдым дахуэзащ, зэдгъэцIыхуащ, интервью къеIытхащ, Iуэхур нэхъ зытегъэщIауэ щыта «Черкес хэкум» и илъэси 100-м гулъытэ хэха хуэтщIащ. Абы «Адыгэ псалъэм» и зы къыдэкIыгъуэ хухэтхащ. Зы мазэ нэхъ дэмыкIыу, Адыгэ Республикэм драгъэблагъэри, махуитхум къриубыдэу цIыху гъэщIэгъуэн куэдым дахуэзащ, адыгэ Iуэхур дэзыгъэкI, АР-м и цIэр фIыкIэ зыгъэIу, ди лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэм къахэзыгъахъуэ цIыхухъухэр, цIыхубзхэр, щIалэгъуалэр зэдгъэцIыхуащ. Чэзур Къэбэрдей-Балъкъэрым иджы къэсащ. Мы махуэхэм ди редакцэм щолажьэ «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм къикIа журналист пщащэхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

Псэ хьэлэлкIэ зи IэнатIэм пэрытауэ нобэ зызыгъэпсэхухэр

Куэдым хуэIэзэ



ЩыIэщ цIыху, ухуэзамэ, зы фIыгъуэ гуэркIэ къыпхуэупсам хуэдэу, уи гукъыдэжым зиIэтауэ укъыбгъэдэкIыжу. Апхуэдэщ Тэнащ Анатолэ Мухьэдин и къуэр.

Ар ди газетым куэдкIэ зи гуащIэр хэзылъхьа цIыхущ. Псоми хьэл зырыз яIэжу цIыху гуп ущыхъукIэ, зыгуэр щызэпаубыди щыIэщ. Ауэ Тэнащым псоми задригъэкIуфу, и гушыIэ дахэмкIэ зэтриуIэфIэжу апхуэдэт.

Ди университетыр къиуха иужь, Анатолэ егъэджакIуэу щылэжьащ Шордакъ, Арыкъ къуажэхэм, иужькIэ комсомолым и Тэрч райкомым щыIащ. А зэманым апхуэдэ щIалэ жанхэр яIэтырт, я ныбжь нэсмэ, колхоз е совхоз гуэрым парткомым и секретару, уеблэмэ куейм и зы IэнатIэм и унафэщIу ягъакIуэрт, КПСС-м и райкомми къулыкъу щратырт. Тэнащми апхуэдэ IэнатIэхэр зригъэгъуэтыфынут, ауэ ар ящыщтэкъым къулыкъум нэхъуеиншэу хущIэкъухэм, езыр дэзыхьэхри журналист лэжьыгъэрт. Арати, «Ленин гъуэгу» газетым Тэрч районым щыIэ и корреспондент хъуащ.

Зэман докIри, газетым парт гъащIэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэув. Ар редакцэм и IэнатIэ нэхъыщхьэт, газетым и зэфIэкIыр нэхъыбэу къызэралъытэри абы и лэжьыгъэмкIэт. Анатолэ и къалэнхэм дэгъуэу пэлъэщащ. Езым итхым нэмыщI, газетым къыщыдэлажьэхэм я IэдакъэщIэкIхэм хоплъэж, республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кърагъэха тхыгъэхэр зыхуей хуегъазэ. ЩежьэкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр къеIэт. Иджыпсту хуэдэу сощIэж Iэщ комплекс ухуэным хэлъ ныкъусаныгъэхэм триухуауэ щыта фельетоныр. Абы и фIыгъэкIэ а IуэхущIэм хэлъа щыщIэныгъэ куэд ягъэкIуэдыфащ. А жанрым къыщигъэлъэгъуа Iэзагъэр къалъытэри, Тэнащыр ягъэкIуауэ щыташ фельетон зытххэм я союзпсо зэIущIэу Ташкент щрагъэкIуэкIым.

Апхуэдэу лажьэурэ, узым къыхигъэзыхьри, Анатолэ «Ленин гъуэгум» IумыкIыжу хъуакъым – дохутырхэм къыхуагъэуват къурш хьэуа къабзэм хэтын хуейуэ. Абдежым Тэнащым сэбэп къыхуэхъужащ зэгуэр Iуащхьэмахуэ лъапэ кIуэрейуэ, бгыхэм дэкIхэм яхэту зэрыщытар. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ псэупIэ хуэхъуащ. И узыншагъэр зэфIэувэжа иужь, ар туризмэмкIэ Эльбрус советым и инструктор хъуащ. А IэнатIэм зы илъэс хуэдэкIэ пэрытащ. И лэжьыгъэр псом хуэмыдэу гугъут гъатхэпэхэм деж: уэсым и бгым къэсу пхрыщэту ирикIуэурэ турист лъагъуэхэм я щытыкIэр къипщытэн, ахэр гъэмахуэм хуэгъэхьэзырыным лэжьакIуэхэр хузэщIигъэуIуэн хуейт.

Анатолэ бгъэдэлъ зэфIэкIым гу къылъатащ: ар ягъэуващ Iуэхухэр хуабжьу щызэIыхьа турист зыгъэпсэхупIэм и Iэтащхьэу. Тэнащым хузэфIэкIащ абы и лэжьыгъэр тэмэму зэтриухуэн. ЩIыпIэм щыпсэухэми фIыуэ къалъэгъуат, арщхьэкIэ и анэр сымаджэ щыхъум, Налшык къигъэзэжащ.

Хабзэхъумэ органхэм къыдагъэкIыу щыта газетым илъэс зыбжанэкIэ и редактор нэхъыщхьэу щытауэ, 1998 гъэм «Адыгэ псалъэм» жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэу къигъэзэжащ.

Мыгувэу редакцэр зэдзэкIакIуэ хуей хъуащ. Ар хуабжьу лэжьыгъэ хьэлъэщ икIи езыхьэкIыфынур мащIэ дыдэщ. Ар щыхуагъэлъагъуэм Тэнащым «хьэуэ» къыхигъэкIакъым, икIи щхьэкъэIэт имыIэ жыхуаIэм хуэдэу лэжьащ. УрысыбзэкIэ тха тхыгъэр адыгэбзэм къибгъэзэгъэн щхьэкIэ, а бзитIри зэхуэдэу фIыуэ пщIэн хуейщ. Анатолэ а Iуэхум хъарзынэу щIыхэзагъэр аращ – абы хуэдэу фIыуэ ар зыщIыфын щымыIэу къехъулIэрт зэдзэкIакIуэ лэжьыгъэ гугъу дыдэр. Езыр цIыху нэфIэгуфIэщ, псэ хьэлэл зиIэщи, гугъу ехьуи зыкъыдигъэщIакъым.

И лэжьыгъэфIым, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм зэрыщытекIуам папщIэ гулъытэ мызэу къыхуащIащ Тэнащым – абы саугъэтхэр къратащ, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр, республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

Шэч хэмылъу, Анатоли къытощIэ иужь илъэсхэм ди гъащIэм къыхыхьа гугъуехьхэр, зэфIэмыхьэныгъэхэр, ауэ зэи тхьэусыхэу урихьэлIэнукъым. Мис а хьэл-щэн дахэхэрщ Анатолэ и лэжьэгъухэм фIыуэ щIэтлъагъуу щытар.

Тэнащым куэдым хещIыкI. Политикэм, экономикэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, нэгъуэщI IэнатIэхэм щыщ упщIэкIэ зыхуэгъази, абы жэуап тэмэм зримытыфын щIагъуэ къахэкIынкъым.

Унагъуэ дахи иIэщ Анатолэ. И щхьэгъусэмрэ езымрэ пхъуитI яIэщи, ахэри унагъуэ хъужауэ я Iуэху зэпэщу мэпсэу. Я пхъурылъхухэм Анатолэ ягъэгуфIэ я зэфIэкI къызэрымыкIуэхэмкIэ – хэти бзэ зыбжанэ ещIэ, хэти макъамэм дехьэх, хэти щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэщ.

Анатолэ теухуауэ жысIа псори ныкъуэ хъунут, ар хуабжьу зэрыIэпщIэлъапщIэр къэзмыгъэлъэгъуамэ. Щыпсэу унэр нэгъуэщI къыхэмыIэбэу езым зыхуей хуигъэзащ. Илъэс зыбжанэкIэ бжьэ игъэхъуащи, абыи хъарзынэу хещIыкI. Сэ и гугъу сщIыххэнкъым ар и гъунэгъухэм, ныбжьэгъухэм хузэфIэкI псомкIи зэрадэIэпыкъум, псэущхьэхэм зэрахуэгумащIэм.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Зи гъащIэр IуэхуфIхэмкIэ гъэнщIа

Ди Томэ Iущым, гуапэм, гуакIуэм
Хуэттхынухэр зы томым имыхуэн.
Ди Томэ дахэм фIагъыу хэлъыр
Том куэдкIи къыпхуэмыIуэтэн.

Мыпхуэдэ сатырхэр (пэжу, урысыбзэкIэ) и курсэгъу Къэжэр Хьэмид къыхуитхауэ щыташ мы тхыгъэр зытеухуа Сокъур (Уэлджыр) Тамарэ. Абы лъандэрэ псы куэд ежэхами, Томэ (апхуэдэущ дызэреджэр) и щыпкъагъэм зихъуэжакъым, псалъэ гуапэ куэд хужыпIэнуи къелэжь.

И сабиигъуэр, щIалэгъуэр зауэ зэманымрэ абы иужь лъэхъэнэ хьэлъэмрэ хиубыдащ, и ныбжьым итхэм къатещIа гугъуехь псори ишэчащ абы. Уеблэмэ и лъэхъэнэгъу нэхъ гугъу ехьахэм ящыщщ ар – и адэ Уэлджыр Нащхъуэ Хэку зауэшхуэм хэкIуадэри, Томэ и сабиигъуэр гурыфIыгъуэр къемэщIэкIыу ихьащ. Зэманым и мыгъуагъэ куэд игъэунэхуами, абыхэм къызэфIагъэщIакъым хъыджэбзыр, атIэ еджэнми лэжьэнми щапхъэ къыщигъэлъагъуэу къекIуэкIащ икIи псэукIэщIэм екIуу хэзэгъащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр фIы дыдэу къиухри, абы «Ленин гъуэгум» лэжьэн щыщIидзауэ щыташ. Илъэс плIыщIым щIигъукIэ газетым и корректору щыташ Сокъурыр икIи абы дэлэжьахэр фIыуэ дыщыгъуазэщ и хьэлщэн зэтетым, и гуп хэтыкIэ дахэм. Апхуэдиз зэманкIэ зы IэнатIэ зэрыIутари и щыхьэтщ абы и зэпIэзэрытагъым. Илъэс куэдкIэ абы игъэзэщIащ корректор нэхъыжь къалэныр икIи газетыр щыуагъэншэу къыдэкIыным, и унафэ щIэт къудамэр зэдэуууэ лэжьэным хуэунэтIауэ куэд зэфIигъэкIащ.

Псом хуэмыдэу и нэIэ къытригъэтт нэхъыщIэхэм – анэ етIуанэ тхуэхъуащ, жыпIэнри егъэлея мыхъуну. ГъащIэми дыхуигъэIущащ, лэжьыгъэм дыхэзэгъэным теухуа чэнджэщ куэди къыдитащ. Езым адыгэбзэр фIы дыдэу ищIэрт, лэжьыгъэм хуэIэзэти, дехъуапсэрт, абы ещхь дыхъуным дыщIэхъуэпсырт. Хьэлэлу лажьэ, гупым Iулыдж щызиIэ Сокъурыр мызэ-мытIэу ягъэпэжащ щIыхь, фIыщIэ, щытхъу тхылъхэмкIэ, ахъшэ саугъэтхэмкIэ.

Пэжым, захуагъэм я телъхьэщ Томэ сыт щыгъуи, цIыхум лей къытехьэуи игу техуэркъым. Арауэ къыщIэкIынщ ар адыгэм и блэкIам, лъэпкъыр дунейм и къэрал куэдым икъухьа зэрыщыхъуам щIигъэгумэщIыр, хэкур егъэзыгъэкIэ зрагъэбгынахэм я гугъу щищIкIэ нобэми и нэпсыр щIыхуэмыубыдыр. Ятепсэлъыхь къудей мыхъуу, абыхэм я щIэблэхэм ящыщхэм пыщIэныгъэ быдэ яхуиIэщ илъэс куэд хъуауэ, къэкIуэжыну къэпабгъэхэм зэралъэкIкIэ защIигъакъуэу. Хамэ хэкухэм къикIыжу адэжь щIыналъэр псэупIэ зыхуэхъужа куэд Сокъурхэ я унагъуэ къихьэу, шыгъупIастэ Iэфl къыхуащтэу, ягъэныбжьэгъуу, ягъэблагъэу зэрыщытым дыщыгъуазэщ.

ЦIыху зэхъуапсэ жыхуаIэм хуэдэу къекIуэкIащ Томэрэ и щхьэгъусэ Сокъур Жамболэтрэ я унагъуэри. Жамболэт (и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI) республикэм и щэнхабзэ IэнатIэм, печатым пщIэ къыхуащIу илъэс куэдкIэ щылэжьащ, и тхыгъэ купщIафIэхэр газетхэм, журналхэм мызэмытIэу къытехуащ.

Зэщхьэгъусэхэм япхъу закъуэ Сокъур Анжели республикэм зи цIэр фIыкIэ щыжаIэхэм ящыщщ – пшынауэ Iэзэщ, макъамэм щыхурагъаджэу Налшык дэт колледжым иужькIэ Мейкъуапэ консерваториер къыщиухащ. Налшык дэт музыкэ школ №1-м и егъэджакIуэщи, щIэблэм я псэм дахагъэр хэлъу къэтэджыным и зэфIэкI ирехьэлIэ илъэс куэд хъуауэ. Анжелэ ипхъу Къардэн Дани и анэм и IэщIагъэр къыхихыжащ. Колледж нэужьым Данэ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтыр къиухауэ ари музыкэ школ №1-м щолажьэ, сабийхэр макъамэ гъуазджэм хурегъаджэ. Данэ и зэчийр нэхъ пасэу къэралым и къалэшхуэ куэдым щигъэлъэгъуащ, бжьыпэр щиубыдрэ республикэм и щIыхьыр утыкушхуэхэм лъагэу щиIэту. Данэ ипхъу Дамирэ цIыкIущ Томэ иджыпсту и гулъытэ нэхъыщхьэр зыхуэунэтIар – и пхъурылъхум и щIэблэр и куэщI ирепIыкI, хуэгумащIэу, игъафIэу.

Томэ зытеукIытыхьыжын, и щхьэр щIигъэлъэхъшэн Iуэху имылэжьауэ, цIыхухэм пщIэ къыхуащIу, гу къабзэ-псэ къабзэу, ифI жаIэу мэпсэу. Ар фIыгъуэшхуэщ дэтхэнэ цIыхум дежкIи – къэпкIуа гъуэгуанэм уриплъэжрэ, уи илъэсхэр IуэхуфIхэмкIэ гъэнщIауэ плъагъужмэ, уи гъащIэр пщIэншэ мыхъуауэ аращи, Томэ абыкIэ игурэ и ищхьэрэ зэтелъми хъунущ. ЦIыхугъэм, адыгагъэм я щапхъэщ абы и гъащIэ гъуэгур, и щIэблэм яхухиша лъагъуэми и пщалъэр ахэращ. Томэ и жьэгум и хуабагъэр куэдым зыхэтщIащи, абы и мафIэм цIыхуфI куэд иджыри игъэхуэбэн Тхьэм ищI!

НАРТЫЖЬ Ринэ.

ЦIыхубз зэщIэкъуа, нэмысыфIэ

Гуп щыхъукIэ, абы хэтщ нэхъ жану, хьэлэлу лажьэхэри, зыщIезыгъэххэри, егугъупэми, я къалэнхэр гъэзэщIэным тэмэму емыхъулIэхэри. Пэжыр жыIэн хуейщ: «Адыгэ псалъэ» газетми диIэщ а псом хуэдэхэри. Ди лэжьакIуэхэр къапщтэмэ, япэ гупым хэтхэм ящыщщ мы тхыгъэр зытеухуа ХьэцIыкIу (Уэлджыр) Лидэ.

«Лидусэ» – апхуэдэущ дэ абы дызэреджэр. ГъэфIагъыцIэ зэрыфIэтщам къегъэлъагъуэ дэ абы фIыуэ дызэрыхущытыр икIи ар езым къилэжьыжащ цIыхухэм гуапэу зэрахэтымкIэ, хэлъ гъэсэныгъэ дахэмкIэ, зэрыхьэрэмыгъэншэмкIэ.

Лидэ газетым къэзышар и адэ шыпхъу Сокъур Тамарэщ. 1985 гъэм курьеру лэжьэн щIидзащ абы. Газет къыдэгъэкIыным пыщIа Iуэхухэм хэгъуэза нэужь ар еплъэкIыу хуежьащ корреспондентхэм я Iэрытххэр машинкэкIэ щытрадзэ IэнатIэмкIэ. Абы фIэгъэщIэгъуэн хъуащ а лэжьыгъэр. Журналистым и гупсысэхэу тхылъымпIэм хуихьахэм япэу щыгъуазэ хъур машинисткэхэрт – республикэм и дэнэ щIыпIи нэсрэ IуэхущIапIэхэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм, жылэдэсхэм я псэукIэм абыхэм зыщагъэгъуазэрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэгъэкIуауэ тхылъымпIэм иратхэжа нэужь ахэр машбюрокIэ зэджэ пэшым щIэсхэм иратырт – зэрыбкIэ традзэн папщIэ.

Корреспондентхэм я тхыгъэхэр ХьэцIыкIум апхуэдизкIэ къабзэу, щыуагъэншэу, теIэзэщIыхьыжыни хуэмейуэ тридзэрти, псори арэзы ищIыфырт и лэжьыгъэмкIэ. Тхыгъэр тхылъымпIэ напэм «къызэрырищыпыкIым» нэмыщI, Лидэ зэдзэкIакIуэр къыбгъэдэсу, абы урысыбзэм кърихыурэ адыгэбзэм кърригъэтIасэ лэжьыгъэри тридзэу зригъэсат псынщIэ дыдэу. Ар куэдкIэ нэхъ гугъущ, сыту жыпIэмэ, цIыхум къипсэлъым улъэщIыхьэу ар машинкэкIэ тебдзэныр, хьэрф зырызыххэу къэплъыхъуэныр къызэрыкIуэ лэжьыгъэкъым. Апхуэдэу щытми, Лидэ къылъэщIыхьэ щымыIэу абы хуэIэзэ дыдэ хъури, гугъэзагъэу ядэлэжьащ Мырзэкъан Суфян, Тэнащ Анатолэ, Шал Мухьэмэд сымэ хуэдэ зэдзэкIакIуэ Iэзэхэм. Абыхэм уадекIуныр, я губгъэн къыумыхьыныр тынштэкъым, ауэ зыгуэркIэ дагъуэ къыхуащIыныр щыгъэтауэ, Лидэ хузэфIэкIащ и цIэр абыхэм хэIэтыкIауэ, гъэщIэрэщIауэ жаригъэIэн. «Диктовкэ» ящIын хуеймэ, абыхэм Лидэ дэлэжьэнырт нэхъ къащтэр: цIыху зэпIэзэрытым, Iэрпхъуэру щымытым тридзам укъеджэжыну тынш – абы зыри дигъэхуртэкъым, щыуагъэ хищIыхьыртэкъым, сыхьэт бжыгъэкIэ къэмыхъейуэ лажьэу щысыну къыхуихуэми, шыIэныгъэ хэлът. И лэжьыгъэм апхуэдизкIэ хуэIэзэ хъуати, и клавиатурэм хьэрфхэм я зэхуэдитIыр темытыжми, Лидэ ищIэрт дэнэ деж сыт хуэдэ дамыгъэр хуэзэми, икIи абы емыплъыххэу тхыгъэр тридзэфырт.

Газетыр компьютерым щыхуэкIуами а лэжьэкIэми япэу зезыгъэсахэм ящыщщ Лидэ. КъегъэбыдылIа компьютерыр инженерхэр нэхъ мащIэ дыдэрэ зыкIэлъыIэбэхэм, зэрагъэпэщыжхэм ящыщу зэрыщытам къикIыр ар абы тэмэму зэрызэрихьэрт. Ди компьютерхэм я лэжьэкIэр зэтезыухуэу щыта Никитин Анатоли хуабжьу хуэарэзыт Лидэ.

Иджыри лэжьэну делъэIуурэ, мурад ищIам хущIедгъэгъуэжыну депсалъэурэ тфIыIукIыжауэ щытащ ХьэцIыкIур. IукIыжа нэужьи мызэ-мытIэу делъэIужащ къигъэзэжыну, ауэ и унагъуэ Iуэхухэр япэ иригъэщри тIысыжащ. Абы лъандэри икъукIэ дыхуэныкъуащ абы и Iэпэ псынщIэхэм, и гуапагъэм, и гушыIэхэм.

Лидэрэ и щхьэгъусэ Юрэрэ (и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI) зы къуэрэ зыпхъурэ зэдапIащ – Залинэрэ Залымрэ. Я анэ гумащIэр зэрагъэгуфIэным яужь иту мэпсэу ахэр.

ЦIыхубз зэщIэкъуам, нэмысыфIэм, хабзэ дахэ зыхэлъым и дуней тетыкIэр щапхъэ тхуэхъуащ газетым и лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэу а къудамэм езым иужькIэ увахэм. Псэ хьэлэл зиIэ цIыхубз губзыгъэм и чэнджэщ Iущхэр дэ къытхуэщхьэпащ лъэныкъуэ куэдкIэ – лэжьыгъэкIи, цIыху хэтыкIэкIи, апхуэдэуи унагъуэм илъын хуей зэхущытыкIэхэми дыхуигъэIущащ. Нобэми дыпыщIащ дэ ди Лидусэ – щIэх-щIэхыурэ допсалъэ, и Iуэху зытетхэм зыщыдогъэгъуазэ, махуэшхуэхэм деж дохъуэхъу.

ХьэцIыкIум и хьэлым хэлъщ малъхъэдисым хуэдэу узыщIэзышэ къару гуэр – апхуэдэ цIыхум уи гур кIэропщIэри, гъащIэм псэкIэ щыпщIыгъу мэхъу. Дыхуейщ узыншэу, гуныкъуэгъуэншэу ди Лидэ дахэ куэдрэ псэуну, дяку дэлъ зэпыщIэныгъэри зэпымычыну.

ДЖАТОКЪУЭ Залинэ.

Щыпкъагъэр зи фащэ

ГъащIэм хэлъ фIыгъуэхэм ящыщщ ныбжьэгъугъэр. А лъапIэныгъэмкIэ Тхьэр зыхуэупсахэр адрейхэм къахощ ягурэ я щхьэрэ зэтелъу зэрыпсэумкIэ, лъэ быдэкIэ гъащIэм зэрыхэтыфымкIэ, сыту жыпIэмэ абыхэм я псэр егъэмамыр щытыкIэ гугъум ихуэмэ, Iэр япэу къахуэзышиинухэм ныбжьэгъу пэжри зэрахэтынум, ар дапщэщи щIэгъэкъуэн быдэу, дэIэпыкъуэгъу нэсу къазэрыхущIэкIынум шэч къытрамыхьэу. Апхуэдэ ди ныбжьэгъуфIхэм ящыщщ Лъостэн Музэ, щыпкъагъэр зи фащэ адыгэ бзылъхугъэ екIур.

Я гуащIэдэкI хьэлэлрэ ябгъэдэлъ творчествэкIэ дызэрыгушхуэ цIыху куэд къызэрыдэкIамкIэ цIэрыIуэ жылэщ Музэ къыщалъхуа Псыгуэнсу къуажэр. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ зэрылъ адыгэ унагъуэм и нэхъыжьыфIхэу Хьэутийрэ Асярэ къащIэхъуа я бынхэм ящыщ дэтхэнэми иратащ гъэсэныгъэ екIуурэ щIэныгъэ куурэ. КъБКъУ-м хамэ къэралыбзэхэмкIэ и факультетым нэмыцэбзэмкIэ и къудамэр къиуха нэужь, Музэ курыт школым щылэжьащ. ИужькIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэм пэрыуващ. Куэд щыгъуазэщ Лъостэным телевиденэм къыщрихьэлIа лэжьыгъэ купщIафIэм. Абы къызэригъэпэщ нэтынхэр триухуэрт цIыхубэм нэхъ яфIэхьэлэмэт хъуну, ипэкIэ зыщIыпIи къыщамыгъэлъэгъуа, зыгуэри зытемытхыхьа Iуэхугъуэхэр утыку къихьэным.

ЗэфIэкI лъагэрэ Iуэху зехьэкIэ дахэрэ зыхэлъ Музэ апхуэдэ дыдэу зэрыщылэжьар «Адыгэ псалъэ» газетым. ХъыбарыщIэхэмкIэ абы и къудамэм и пашэу щыту, абы газетеджэхэр щыгъуазэ хуищIырт республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм, ахэр бзэ дахэкIэ, гъэхуакIэ ябгъэдилъхьэу. Музэ цIыху псэ къабзэщ, гу зэIуха зиIэщ, хьэлэлщ, нэхъыщхьэращи, уи дзыхь зэбгъэз хъу ныбжьэгъуфIщ. Ар хьэзырщ дэIэпыкъуэгъу е чэнджэщ хуэныкъуэ дэтхэнэми зыщIигъэкъуэну, IуэхукIи псалъэкIи сэбэп хуэхъуну. Апхуэдэу гупым къытхэта бзылъхугъэм нобэми пщIэшхуэ щиIэщ редакцэм, нэмыс лъаги хуащI.

Усыгъэр фIыуэ зылъагъухэм, абы дихьэххэм ящыщ куэдым ящIэ Музэ а лъэныкъуэмкIэ зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъыр. Усэным пасэу дихьэхауэ щыташ ар. Хьэх Сэфарбий къызэригъэпэщу илъэс куэдкIэ игъэлажьа «Шыхулъагъуэ» литературэ гупжьейм и япэ гъэсэнхэм ящыщщ Лъостэныр. ЦIыхупсэм зыхищIэ гурыщIэхэм, ар зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм, лъэпкъхэм, унагъуэхэм, благъэ-Iыхьлыхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэм зэреплъыр къыщегъэлъагъуэ Музэ и усэхэм. Абыхэм ящыщ куэдым кIуэцIрокI лъагъуныгъэ, гуапагъэ, дахагъэ жыхуэтIэ лъапIэныгъэхэр. Музэ а псоми топсэлъыхьыф, дэтхэнэми хуэкIуэ псалъэ дахэ, шэрыуэ, щIэщыгъуэ къахуигъуэтурэ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ дунейм къытехьащ Лъостэным и къалэмыпэм къыпыкIа усэхэр щызэхуэхьэса «Нэхущ гупсысэхэр» усэ сборникыр.

Адыгэбзэм хуэшэрыуэ, бзэр дахэу, екIуу, къулейуэ зыIурылъ усакIуэм, журналистым дзыхь къыхуащIри, анэдэлъхубзэм кърригъэзэгъащ дуней псом щыцIэрыIуэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыщ мультипликатор Дисней Уолт къызэригъэпэща икIи и цIэр зезыхьэ студием игъэуваауэ щыта «Аслъэн пащтыхьыр» («Король Лев») таурыхъыр. Музэ и псалъэхэр яIурылъу адыгэ артист куэдым я макъкIэ къэгъэпсэлъа хъуащ сабийхэр хуабжьу дэзыхьэх, «Оскар», «Дыщэ глобус» саугъэтхэр зыбжанэрэ зыхуагъэфэща а таурыхъыр. Зи лъэпкъыр, щалъхуа щIыналъэр фIыуэ зылъагъу Лъостэным апхуэдэ хэлъхьэныгъэ хуищIащ анэдэлъхубзэр хъумэным, абы зегъэужьыным, бзэм и IэфIагъыр къытщIэхъуэ щIэблэм зыхегъэщIэным.

ЖЫЛЭ Ритэ.

ТхакIуэщ икIи журналистщ

Шэджэм куейм хыхьэ Лашынкъей къуажэм къыщалъхуащ КIэбышэ Лилэ. 1978 гъэм Москва дэт Литературэ институтыр къиухащ. 1985 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым къэуври, корреспонденту илъэс куэдкIэ щылэжьащ. Лилэ Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым хэтщ.

Газетыр зыIэрыхьэхэм ягу дыхьэ, ахэр зыгъэпIейтейхэр нэгъэсауэ щызэпкърыха темэ куэд къиIэтырт КIэбышэм, «Адыгэ бзылъхугъэ» зыфIища напэкIуэцIими езым и щIэджыкIакIуэхэр иIэжт. Хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, унагъуэшхуэхэм я гуащэ адыгэ бзылъхугъэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэ къэрал лэжьакIуэ, хабзэм и хъумакIуэ, гуащIэдэкIым и лIыхъужь куэд щIэджыкIакIуэхэм яригъэцIыхуащ Лилэ.

– ЦIыхухэм я къекIуэкIыкIам укIэлъыплъыным и мызакъуэу, щIэджыкIакIуэхэм ар щапхъэ дахэ яхуэхъуныр, дэтхэнэ зы гъащIэми щхьэпэ гуэр къыхахыныр гъэщIэгъуэнкъэ-тIэ, – жеIэ Лилэ и лэжьыгъэр къыщIыхихам щытепсэлъыхькIэ. – Жылагъуэ гъащIэр, цIыхухэм я зэхущытыкIэхэр унэтIыным теухуауэ къалэнышхуэ я пщэ къыдохуэ журналистхэм. Ар лэжьыгъэ гугъущ, жэуаплыныгъэшхуи зыпылъщ. А псор нэсу зыхэтщIэу дылэжьащ а зэманым газетыр къыдэзыгъэкIахэр. Лъэпкъ журналистикэм япэ лъэбакъуэхэр щыщысчауэ щыта зэманым и гугъу щысщIкIэ, гуапэу сигу къокIыж Шырыт СулътIанрэ Бекъул Токъанрэ (я ахърэтыр нэху Тхьэм ищI). Абыхэм я псалъэ дахэр, я чэнджэщ Iущхэр гъуэгугъэлъагъуэ схуэхъуауэ щытащ.

И лэжьыгъэфIым папщIэ Лилэ мызэ-мытIэу ягъэпэжащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я союзым и саугъэтым и лауреатщ.

КIэбышэр хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ къудамэм и корреспонденту лэжьащ газетым и дэтхэнэ къыдэкIыгъуэщIэри гъэщIэгъуэн зэрыхъуным яужь иту.

НАРТ Марэ.

«Адыгэ псалъэ»: 1924 - 2024

Абыдэ Залымхъан
Агузар Мурадин
Алъэскыр Хужь
Алэкъей Хьэталий
Амщокъуэ ШэIибэт
Апажэ Назир
Афэ Тамарэ
Афэ Риммэ
АфIэунэ Мухьэмэд
АфIэунэ Ольгэ
Ахуэмгъуэт Башир
Ашэбокъуэ Таужан
Багъэтыр Аркадий
Багъэтыр Луизэ
Батыр Сэхьид
БатIитIэ Марьят
Бэрэгъун Пагуэ
Бэрбэч Зубер
Бейтокъу Мыхьэмэтмырзэ
Бейтыгъуэн ФатIимэ
Бекъан Чыланий
Бекъул Токъан
Бжьэдыгъу Шэмсэдин
Бицу Жаннэ
Брай Адэлбий
Брай Зое
Брай ТэIибэт
Бойкэ Галинэ
Гугъуэт Заремэ
Гулиевэ (Хьэх) Гуэщпагуэ
Гумэ Джатэгъэжь
Гъубж Мухьэдин
Гъубжокъуэ МуIэед
Гъубжокъуэ Юлие
ГъукIэлI Рае
Гъурыжь Мадинэ
ГъущIо Зариф
Дал Iэуес
Дол Батырбий
Дол Жанпагуэ
Дол Маринэ
Дол Тобий
Дудар Хьэутий
Думай Мерэт
Дэхъу Эммэ
Дыджэ Зулъкъарней
ДыщэкI Соня
Джатокъуэ Залинэ
Джатокъуэ Марьянэ
Джаурджий Iэбисал
Джэлэс Таужид
Джэрыджэ Анатолэ
Джэрыджэ Арсен
Джыназ Заретэ
Джырандокъуэ Умар
Дзыгул Лянэ
Дзэгъащтэ Азэмэт
Дзыгъуанэ Хьэсэнбий
Егъэн Хьэту
Елгъэр Кашиф
Елмэс Iэбу
Елмэс Мату
Елмэс ФатIимэ
Емыш Хьэдис
Ерчэн Сюзаннэ
Ерыжокъуэ Хьэзрэталий
Жэмбей Луизэ
Жэмбей Мухьэмэд
Жэмбэч Хъусен
Журт Биберд
Журт Тыгъуэн
Жыгун Азимэ
Жыласэ Замир
Жыласэ Заурбэч
Жыласэ Маритэ
Жылокъуэ Люсаннэ
ЖьэкIэмыхъу Маринэ
Зэгъэщтокъуэ Алёнэ
Инэрокъуэ Азэмэт
Истэпан Залинэ
Иуаз Iэбубэчыр
Колесников Иван
Куэт Цоцэ
КIэбышэ Лилэ
КIэрашэ Тембот
КIэрэф Анетэ
КIэрэф Хьэсэнбий
КIэш Хужь
КIэщт Iэниуар
КIэщт Мухьэз
КIыщокъуэ Марьянэ
КIуэкIуэ Женя
КIуэкIуэ Къэрэжан
КIумыхъу Iэмырбэч
Къагъырмэс Борис
Къаздэхъу Мэжид
Къазджэрий Iэуес
Къалмыкъ Аднан
Къамбий Джэфар
Къамбий Зуфар
Къаншокъуэ Эллэ
Къаныкъуэ Агнессэ
Къаныкъуэ Заринэ
Къардэн Женя
Къардэн Хьэсэн
Къардэн Цоцэ
КъардэнгъущI Хьалид
Къарей Элинэ
Къармэ Iэсият
Къармокъуэ Хьэмид
Къэзанш Людмилэ
Къэзанш Татьянэ
Къэмбэчокъуэ Iэдэм
Къэрмокъуэ Мухьэмэд
Къэрмокъуэ Рэмэзан
Къуэдзокъуэ Нурбий
КъуэщIысокъуэ Нурхьэлий
Къудей Владимир
Къумахуэ Александр
Къумахуэ Аслъэн
Къумахуэ Башир
Къумахуэ Ларисэ
Къумахуэ Хьэутий
Къумыкъу Хьэутий
Къущхьэ БетIал
КхъуэIуфэ Хьэжбат
КхъуэIуфэ Хьэчим
Ламырдон Хьэсэнбий
ЛIыбекъуэ Хьэбас
ЛIыбекъуэ Таужан
ЛIыгъур Катя
Лъостэн Музэ
Мамбэт СэIэдулэ
Мамий Руслан
Махуэ Iэлисэхь
Махуэ Анатолэ
Махъсидэ Залымхъан
Мэджэ СулътIан
Мэжджыхь Ларисэ
Мэзыхьэ Анзор
Мэзыхьэ Борис
Мэлбахъуэ Анжелэ
Мэлбахъуэ Мадинэ
МэшылI Екатеринэ
Молэ Къэрэжан
Мыз Нафихь
Мыкъуэжь Анатолэ
Мырзэкъан Суфян
Мысачэ Мурат
НафIэдз Мухьэмэд
Нэужьокъуэ Заирэ
Ныбэжь Таисэ
Ныр Саидэ
НэщIэпыджэ Замирэ
ПхытIыкI Юрэ
Пщыбий Хьэсэн
ПщыукI Латмир
ПщыукI Нурхьэлий
ПщыукI Оксанэ
ПщыхьэщIэ Юрэ
Сасыкъ Марусэ
Сэбаншы Мэстафэ
Сэхъу Къэрэщей
Скелетов Владимир
Сокъур Тамарэ
Срыхъу Хьэгуцырэ
Табыщ Мурат
Табыщ Динарэ
Тажьджэ Лэдин
Тату БытIэ
Тэнащ Анатолэ
Тэрчокъуэ Исуф
Тэтэр Мухьэмэд
Теувэжыкъуэ Анатолэ
Теунэ Хьэчим
ТекIужь Заретэ
ТекIужь Раметэ
Токъуий Иринэ
Токъуий Мадинэ
Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ
Тхьэмокъуэ Барэсбий
Тхьэмокъуэ Мухьэмэд
Тхьэщыгъуей Дианэ
ТхьэщIокъуэ Мурадин
ТIажь Пётр
ТIымыжь Хьэмыщэ
ТIымыщ Тимур
ТIыхъужь Зэмахъ
ТIэш Анинкэ
Увыж Хъусен
Урыс Софят
Уэрдокъуэ Женя
Уэртэн Марьянэ
Уэрыш Анитэ
Уэрыш Нурхьэлий
Уэрэзей Афлик
Устэ Юрэ
Фэнзий Исмел
Фырэ Анфисэ
Хужьокъуэ Амырхъан
Хьэжу Ахьмэд
Хьэжыкъарэ Алик
Хьэжыкъарэ ТIалэ
Хьэмгъуокъу Хьэсит
Хьэмщокъуэ ФIыцIэ
Хьэрэдурэ Аллэ
Хьэту Пётр
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд
Хьэх Сэфарбий
Хьэхъужь Иринэ
Хьэхъуокъуэ Иринэ
ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр
ХьэцIыкIу Лидэ
Хьэщыкъуей Олег
Хъуран Батий
ХъутIэ Хьэмидбий
Цагъуэ Нурий
ЦIыпIынэ Iэбубэчыр
Чэрим Марианнэ
Шал Мухьэмэд
Шафий Аслъэн
Шэвлокъуэ Пётр
Шэджэм Катя
ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ
Шэмпар Къэралбий
Шэрджэс Хьэжчэл
Ширдий Маринэ
Шорэ Чэруан
Шыбзыхъуэ Мухьэдин
Шыгъушэ Пщыкъан
Шыд Ибрэхьим
ШыкIэбахъуэ Хьэсэн
Шырыт СулътIан
Шырыт Хьэтызэ
Шыхъуэ Махъты
Щоджэн Абдул
Щоджэн Заирэ
Щоджэн Иннэ
Щоджэн Хьэцацэ
Щоджэн Iэминат
ЩоджэнцIыкIу Алий
ЩоджэнцIыкIу Нурий
Щомахуэ Амырхъан
Щомахуэ Александрэ
Щомахуэ Владимир
Щомахуэ Залинэ
Щомахуэ Марьянэ
Щхьэумэжь БетIал
ЩхьэщэмыщI Изэ
Щынахъуэ Жыраслъэн
Щынахъуэ Ибрэхьим
Iэпщэ Заремэ
Iэрыпщэ Хьэжмусэ
Iэрыпщэ Хьэжчэл
Iулыдж ТIатIэ
IутI Башир
IутI Исмэхьил

Дыкъызытещ дамыгъэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетым къикIуа илъэсищэ гъуэгуанэр тхыдэм и Iыхьэ зэрыхъуам и щыхьэту къоув абы и теплъэр къызытена хьэпшыпхэр, дамыгъэхэр, саугъэтхэр, фэеплъхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэхуэхьэсакIуэхэм я зэгухьэныгъэм зи гугъу тщIы «адыгэ псалъэ дамыгъэхэр» тхуэзэригъэуIужа къудейкъым, езыми абыхэм я бжыгъэм махуэ къэс къыхегъахъуэ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 1-м, дэфтэрхэм зэрихуамкIэ «Адыгэ псалъэр» илъэсищэ щрикъуа махуэм, КъБР-м и Коллекционерхэм я зэгухьэныгъэхэм и унафэщI Грищенкэ Сергей, «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Жыласэ Заурбэчрэ Конаков Хьэсэнрэ я гъусэу, ди газетым и лэжьакIуэхэмрэ цIыхубэ жыджэракIуэхэмрэ Iэмал яIащ Урысей поштым щаутIыпща, ди махуэшхуэм и дамыгъэр къызытещ конвертым япэ мыхъурыр трагъэуэну *(«Илъэсищэм - конверт минищэ», «Адыгэ псалъэ», №66)*. Конвертым и гъусащ открыткэхэри, уеблэмэ «Адыгэ псалъэ» тебзэ зиIэ шоколад цIыкIухэри.

Илъэсищэ псори гъэ пщIырыпщIу зэхэтщ, ахэри тIу ипщIыкIыжмэ, илъэситху къэс мащIэкуэдми и цIэ кърaIуащ ди газетым. Ар я щхьэусыгъуэу къыдагъэкIа дамыгъэхэм я къебжэкIым хэтщ «Ленин гъуэгур» илъэс 50 щрикъум ящIа бгъэхэIумрэ конвертымрэ. Абы мащIэу теплъэкIэ къыщхьэщыкIырт «Ленин гъэгур» илъэс 60 щрикъум ягъэхьэзырар. Зи гугъу тщIы хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр зэрыщыIэр тщIэххэнутэкъым ди газетым и ныбжьэгъу пэж, зэхуэхьэсакIуэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес мы гъэм къыдигъэкIа «Адыгэ псалъэм» и тхыдэр фэеплъ хьэпшыпхэм къызэрытещым» тхылъым нэмыщIамэ.

Бгъэхэлухэр нэхъ мащIэ хъуа щхьэкIэ, «Адыгэ псалъэ» цIэр зыгъуэта «Ленин гъуэгур» къыкIэлъыкIуэ илъэсхэми гулъытэншэу къэнакъым. Газетыр илъэс 95-рэ щрикъум ягъэхьэзыра бгъэхэIум адыгэ нығымрэ абы и щIыIум щызэблэдза шабзищымрэ къытощ. Мыгъэрейм щыдолъагъу газетыр илъэсищэ зэрырикъуар къэзыгъэлъагъуэ илъэс бжыгъэхэр: 1924 - 2024. Нэхъ дахэжщ ди газетыр зэрызэхэт псалъитIым я япэ хьэрфхэм къыхэщIыкIа, япэ напэкIуэцIым и сэмэгу къуапэм махуэ къэс щыфлъагъу А-мрэ П-мрэ щызэхэухуэна бгъэхэIу цIыкIури.

Тхьэкъуахъуэ Iэуес и фIыгъэу пхужыIэнущ газетым къикIуа гъуэгуанэм щихъуэжа теплъэхэр зы тхылъым зэрыщызэуIуари. Нобэ ар брошюрэ цIыкIуу щытми, зэман къыкъуэкIынщ лъэпкъым и газет закъуэр нэхъ къыфIэIуэхуу, абы епха псори щызэхуихьэсыжын. Япэ лъэбакъуэр зэричам щхьэкIэ, Тхьэкъуахъуэм фIыщIэшхуэ худощI.

Газетым и дамыгъэ мыкIуэдыжынщ «Ленин гъуэгум» къыхуагъэфэща щIыхь тхылъхэм, медалхэм, дипломхэм я теплъэри. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэкIэ газетымрэ абы и редакцэмрэ къэрал саугъэткIэ къыхагъэщащ 1962, 1974, 1984, 2008, 2014, 2021 гъэхэм. Зи гугъу тщIа брошюрэм итщ езы газетым нэхъ жыджэру къыхуэтхэ щIэджыкIакIуэхэм яхуигъэфащэу щыта щIыхь тхылъым и сурэтыр. А псори тхыдэщ, а псори лъэпкъым къикIуа щIэныгъэ гъуэгуанэщ, зыщыбгъэгъупщэ мыхъуну.

Гулъытэ хуэфащэщ «Адыгэ псалъэр» илъэсищэ зэрырикъуамрэ накъыгъэм и 9-м ягъэлъэпIа ТекIуэныгъэм и махуэмрэ зэригъэуIуу, Тхьэкъуахъуэ Iэуес Хэку зауэшхуэм хэкIуэда журналистхэм яхуигъэфэща открыткэми. Дамыгъэм и IуплъапIэм щыболъагъу Хэку зауэшхуэм хэту зи псэр ТекIуэныгъэм щIэзыта ди лэжьэгъу нэхъыжьхэм я цIэунэцIэхэр. Тхыгъэ кIэщIым дыкъыщоджэ: «Ленин гъуэгу» газетым и журналистхэу Хэку зауэшхуэм (1941 - 1945) хэкIуэдахэр: Абыдэ Залымхъан Нухь и къуэр, Бжьэдыгъу Шамсэдин Мусэ и къуэр, Къардэнгъущ Хъалид Шухьиб и къуэр, Шыд Ибрэхьим Хьэцу и къуэр, Шыгъушэ Пщыкъан Жанхъуэт и къуэр». Абы и щIыбагъым къыдэтщ «Полк уахътыншэм» хэт ныбжьыщIэхэм къаувыхьа ТекIуэныгъэм и фэеплъыр. Открыткэр гъэщIэрэщIащ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ «КъБР-м и зэхуэхьэсакIуэхэм я зэгухьэныгъэм» я дамыгъэхэмкIэ. КъинэмыщIауэ, абы и ижьырабгъу лъэныкъуэм тегъэуащ ди газетыр илъэси 100 зэрырикъуар къэзыгъэлъагъуэ илъэс бжыгъэхэр: «Адыгэ псалъэ»: 1924 - 2024». Абдеж дыдэм, нэхъ илъабжьэIуэу открыткэр Поштым щиутIыпщ махуэмрэ щхьэусыгъуэмрэ къэзыгъэлъагъуэ мыхъурым къыхэIущIыкIа псалъэхэри къытощ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыхъужьхэр». Урысей. Налшык. 08.05.2024». Зи гугъу тщIы открыткэм хуэдэу Тхьэкъуахъуэ Iэуес 200 къыдигъэкIащ.

Хьэпшыпхэм уакъыфIэкIмэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и цIэр щэнхабзэм и Iыхьи хъуащ, уэрэдхэр, усэхэр хуагъэфэщащ Бозий Людин, IутIыж Борис, Джэдгъэф Хъусен сымэ. ШэрыуагъкIэ адрейхэм къахэщ IутIыжым и газет хъуэхъум и Iэфыр зэи щIэкIыну къыщIэкIынкъым:

Ди лъэпкъэгъуу дэни щыIэм
уалъэIэсу,
Ахэр зы хъужыным сыткIи
уришхэпсу,
Уи редакцэр, мыдэ-щэ,
Акъыл хэгъэхъуапIэу,
Нэмыс къигъэхъуапIэу,
Хабзэ убзыхуакIуэу,
ЦIыхум я щыжакIуэу,
КъулыкъущIэблэплъэ
ГугъуехьакIуэщIэплъу,
Пэжыр зи мыгъуазэм
ЩхьэкIэ къимыгъазэу.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Джаурджий Iэбисал, Сэбаншы Мэстафэ, Хьэхъупащ Iэ Хьэжбэчыр. *1978 гъэ*



Мыз Нэфихьрэ Къэрмокъуэ Мухьэмэдрэ.
1979 гъэ

«Адыгэ псалъэ» газетым деж

Илъэс 79-рэ, жаIэр пэжмэ, уохъу,
Уи формат купщIафIэр лъэпкъым и псэм хуохъу.
ЦIыху псэемыблэжхэм дахэу утхуагъэпс,
Ди лъэпкъэгъуу щыIэм ягухэр къыбдохъуэпскI...
Щи-и-и, «Адыгэ псалъэу» лъэпкъым и псэлъэгъу,
Нобэ гурэ псэкIэ сэри сынохъуэхъу:
Моуэ, кIуэаракъэ, псори къыпхуэпабгъэу,
УзыIэрымыхьэр унэм щIэмызагъэу,
Уи тиражыр къабжмэ, мелуан бжыгъэ хъуауэ,
Нэхъ материк жыжьэ дыдэм унэсауэ,
Уи пщIэми уи щIыхьми къахэхъуэ зэпыту,
Зы ехъулIэныгъэм адрейр къыпыту,
Ди лъэпкъэгъуу дэни щыIэм уалъэIэсу,
Ахэр зы хъужыным сыткIи уришхэпсу,
Уи редакцэр, мыдэ щэ,
Акъыл хэгъэхъуапIэу,
Нэмыс къигъэхъуапIэу,
Хабзэ убзыхуакIуэу,
ЦIыхум я щыжакIуэу,
КъулыкъущIэблэплъэ
ГугъуехьакIуэщIэплъу,
Пэжыр зи мыгъуазэм
ЩхьэкIэ къимыгъазэу...
КIэщIракъэ, з-з-зыри къыппэхъун щымыIэу
Ди «Адыгэ псалъэр» Тхьэм утхущигъэIэ,
Iуащхьэмахуэ бгъыжьыр уардэу зэфIэтыху!

IУТIЫЖ Борис.
2003 гъэ

Упсэунщ - щыIэхукIэ зы адыгэ!

1924 гъэм, мэкъуауэгъуэу, мы дунейм и щIэрэщIэгъуэу, узей лъэпкъ гумащIэр къыпхуэхъуахъуэу, Уэ щыпчащ япэ лъэбакъуэр щIым.

НэхъыжьыфIхэм пхуащIри лъэтеувэ, уи лъэр нэхъри Уэ букъуэдиящ. Зы сыхьэтым зы илъэс къэбгъащIэу, ухъущ балигъи, гъащIэм ухыхьащ.

КъыпфIащауэ цIэ лей куэд, епхьэкIащ Уэ илъэс Iэджэ. Бгъуэтыжащ иужьым, тIэкIу гувами, уи цIэ дыдэр Уэ, «Адыгэ псалъэ»!

Сабиигъуэр тыншу епхьэкIакъым - зыбгъэфIэну ухущIэмыхьа, щIалэ гурэпкIырэу ущытакъым, балигъ нэсу, Уэ Iуэху епхьэжьащ.

Узей лъэпкъым Уэ уригугъапIэт, узей лъэпкъым уэ урибын пэжт, си щхьэ Iуэху жумыIэу нэхъапэжщ, утетащ сыт щыгъуи Уэ зы хьэлым - ди бзэр, ди нэмысыр тхъумэжыным, ди лъэпкъ тхыдэм и пэжыр дджыжыным теухуауэ укъимыкIуэта!

И гугъуехьыр лъэпкъым дэбгъэващ, и гуфIэгъуэр лъэпкъым дэпIэтащ, напэр, лIыгъэр Уэ уи гъуэгугъэлъагъуэу, лыгъи гъабли уакъыфIыпхыкIащ.

«Узыхьыну псым зыдегъэзых», - жызыIахэм Уэ уемыдэIуа - ди анэдэлъхубзэкIэ ерыщу пэжыр цIыхухэм Уэ яхэбгъэIуащ.

Уахуэхъуащ сабийм гущэкъу уэрэд! Зи щIалэгъуэхэм - гухэлъ уэрэд! Ухуэхъуащ лъэпкъ псом дзапэ уэрэд!

Адыгэ бзылъхугъэм уринабдзэу, адыгэлIым уринапщIэтелъу, мурадыфIхэм уанэ хузэщIэплъхьэу укъогъуэгурыкIуэ нобэ къэс!

УлIыжь Iущщ икIи ужьыщхьэ махуэщ: ди блэкIар къэкIуэнум тхупыпщIащ, щIэблэ Iущи тыгъэ къытхуэпщIащ.

Узытет гъуэгу захуэм утемыкIыу, сытым щыгъуи дигу укъипсэлъыкIыу, фIым, нэмысым Уэ дыхуэбущийуэ, удидыгъэмазэу, удигъуазэу къыддекIуэкI, къытхэт, «Адыгэ псалъэ»!

Упсэунщ - щыIэхукIэ зы адыгэ, ущыIэхукIи - адыгэр псэунщ!

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,
«Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ.

Щрелъагэ уи пщIэр ди Хэку псом!

Уи ныбжьыр ирикъуащи,
ди «Адыгэ псалъэ»,
Удигъуэгугъэлъагъуэу утхуэпсэу;
Псэми уэ упэтщIу иребыдэ уи лъэр
ИкIи щрелъагэ уи пщIэр ди Хэку псом!

Уэ уи псалъэр пхыкIрэ укъэмылэнджэжу,
Урехъу сытым щыгъуи лъэпкъым и уэчыл,
Гъуэщам адыгэбзэр хущхъуэу къигъуэтыжу,
Зэгуэри мыкIащхъэу ирехъу ар лъэпкъ хьэл!

Ди анэ быдзышэу тIурылъ адыгэбзэр
ТIурачыну къещэу щыIэнщ ди жагъуэгъу, -
Iуэхум дэ итлъхьэфу ди акъылкIэ тхьэбзэ
Къыдэхъуапсэр псэкIэ тхурехъу дэ ныбжьэгъу.

Лъэпкъым и бзэ-хадэу ди «Адыгэ псалъэ»,
Ирехъу уэ уи гъащIэр утхуэгъагъэу кIыхь,
Уринапэ къабзэу адыгэ щIыналъэм,
Уэ уи псалъэ IущкIи къыхуэпхьыфу щIыхь.

СОНЭ Абдулчэрим.

«Къэрэхьэлъкъ» газетым и тхьэусыхэ

Гугъуехь цIыхухэм я гукъеуэр
Набу сщIыну сыкъежьащ,
МэкъумэшыщIэм щхьэтепIэну
СыраIэнуи псалъэ стащ.

МэкъумэшыщIэ, гуныкъугъуэу
УиIэр къащти сыубгъунщ,
Фыгъуэ, шынэ хэзмылъхьэххэу
Топым ещхьу згъэдуунщ!

Уэра дыди сэ си къуэшыр,
Зышийт! Еджэт, фIыуэ слъагъу,
Унэщхъеймэ, сэ сыгъынкъэ,
Си нэм хуэдэу си псэ гуэгъу!

Бадзэуэгъуэ дыгъэ гуащIэм
Уи фэм шыгъур къырехул,
Лейуэ къуахыр сэ къызжеIи,
Си нэм нэпсхэр къырыребл.

А си пэжхэр тескIутэнщи
Уи лейзехьэр итхьэлэнщ,
Комиссарми къинэмыщIми
Я пкъым лъынтхуэр къыхэстхъынщ.

Ноби хуэзэу умыпсэууэ
Жылэм макъхэр къыщагъэIу,
Сэ къызжыIэт узыгъагъыр,
Сытым ещхьу гуемыIу?

Червонец щакIуэ IуэхущIэжьхэм
Iульхьэ пIахмэ, къызжеIэж,
Куэдщ, хамагъэу къысхуиIари,
КъакIуи IэплIэ къысхуэщIыж.

Пхуэмыфащэ къуалэжьамэ,
Уи лэжьыгъэр уфIашхамэ,
УэркIэ си бжэр зэIухакъэ!
КъакIуэ си деж тIэкIу уеджами!

Сыджэ пэтми сэ си макъыр
ПыгъукIыншу къэвгъэнаи,
Фыкъызэплъыт, ей, лэжьакIуэ,
Си дамитIыр фхуэзубгъуаи!

ТхьэмахуищкIэ уи бзэ еджи,
Сэ къызэджи сынэкIуэнщ.
Зэхуэхамэу дыщымыту –
ТIури зэшу дежьэжынщ.

Сэ къызэджэ ныбжьэгъуфIхэр
Куэд хъухункIэ сыбэгъуэнщ,
Дамэ бзийхэр сыубгъунщи
Нэхъри псынщIэу пшэм сихьынщ.

Зэхуэмыдэу щIыпIэ куэдым
Си джэ макъыр щынэIуэнщ,
Уэрам кIыфIхэм, унэ зэвхэм
Гие усэр щызгъэIунщ.

Сытым щыгъуэ сэ еджакIуэм
Мэкъум сахьу къызэджэн,
Сытым щыгъуэ пхыр лъэдакъэр
Сэ си шэтуи сыхъуфын!..

ЩОДЖЭНЦЫКIУ Алий.
1925 гъэ

«Адыгэ псалъэ»

Ди набдзэу «Адыгэ псалъэ»,
ЦIыхубэм гуапэу епсалъэ,
Зэчийхэр зи лэжьэгъуфI,
IуэхуфIкIэ къыддэгуэшэф.
Унафэ дахэ ящIамэ,
Ди лъахэм къытхубохьэс,
ТхакIуэфIхэм тхыгъэ къакъуэкIмэ,
Псом япэу къытлъогъэIэс.
НобэкIэ къэбгъэщIа гъащIэр
ЗымащIи дэ тфIэмыкуэд,
УщIалэу уохьыр уи гъащIэр,
Плъэгъуами дэ тхуэдэ куэд.
Ныбжьышхуэ къыумыгъэщIами
ТыгъэфIхэр лъэпкъым хуэпщIащ,
Куэдрэ уи цIэр пхъуэжами,
Къуэш пэжу пщIэ къытхуэпщIащ.
ЦIыхухэм я гум Iэ дэплъэу
КъыугъащIэ уэ илъэс куэд,
Гъэ минкIэ уахуэпсэуами,
Хъунукъым бэм яфIэкуэд.

БОЗИЙ Людин.

«Адыгэ псалъэ»

«Адыгэ псалъэ», узипсэлъэгъущ,
Сытым и дежи учэнджэщэгъущ,
ФIыуэ слъагъуу узиныбжьэгъущ,
Псэм ехуэбылIэу узигъунэгъущ.

УзэIэпытхыу ущIыдоджыкI,
Уи псалъэ Iущхэр ди гум имыкI.
ГъащIэр къытщыхъуми нобэ гугъусыгъу,
УдоIуэтылIэр ди гур зэрыгъу.

«Адыгэ псалъэ», уи адыгэбзэр
Ди гур хигъахъуэу иребзэрабзэ!
Сытым и дежи уэ уи гупсысэр
Адыгэ лъэпкъыр арщ зыхуэбгъэпсыр.

ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ.

* * *

Адыгэбзэр жаIэ кIуэдыжыну.
Ар уи фIэщ уэ хъурэ, си ныбжьэгъу?
Зэхэпхар уигу къеуэу умышынэ,
Ди бзэр хуэныкъуэххэкъым гущIэгъу.

ПХЪЭШ МуIэед
Черкесск къалэ, 1996 гъэ

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэк Iэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ I Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.487
Заказыр №2400
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие, Щоджэн Заирэ, Нэужьокъуэ Заирэ , *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.